

# Twazyèm So A

63-0320

## Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1        Bonswa, zanmi m.        Annou leve kounye a jis on moman pou priye. Ann bese tèt nou.

2        Papa nou ki nan Syèl la, alò ke nap tande bèl kantik sa-sa, nou-nou sonje, Seyè, ke...  
Ou pre nou. E nap priye ke Wap resevwa nou aswè a, Seyè, antan ke pitit Ou, padonnen tout  
peche nou ak tò nou, e bannou benediksyon W, alò ke nou se on pèp ki nan bezwen.

3        E nan gran moman sa nap viv kounye a, e nou wè, chak ane, lemonn vin pi sonb. E  
Vini Seyè a ap vin pi klè, antan ke Lap revele tèt Li nan... nan Pawòl Li e nan manifestasyon  
Li. Nou vini ankò, aswè a, Seyè, pou nou eseye, nan reyinyon sa a, e priye pou W louvri  
bannou, Seyè, Twazyèm So Liv sa a, pou nou sa konnen, pou nou konn kisa pou nou fè, kijan  
pou nou viv, e konnen kijan pou nou de pi bon Kreyen.

4        Map priye, Bondye, ke Wap fè tout sa ki pa Kreyen yo isi a, aswè a, reyalize ke yo  
bezwen W. Akòde L. Epi mwen-m priye, Papa nou ki nan Syèl la, ke chak Kreyen ne de nouvo  
reyalize ke li dwe viv pi pre de Ou ke nan pase a, pou ke nou tout ka nan inite lanmou ak lafwa  
Kreyen sa a.

5        Pèmèt ke tout moun malad ki nan mitan nou geri aswè a, Seyè. Yo reyalize ke yo  
bezwen W. Epi mwen priye, Papa, ke Wap beni tout bagay ki pral di ou ki pral fèt, pou onè W  
& glwa W, nan Non Jezi ke nou mande l. Amen.

6        Eben, aswè a ankò, nou rasanble ankò pou, Mèkredi swa semèn sa a-a. E nou fè Seyè  
a konfyans, aswè a, ke Lap repann on gran benediksyon sou Pawòl Li. E jodi a, mwen etidye,  
kòm dabitid, ap eseye wè ki bagay kap pi apwopriye pou di, e bagay, kijan pou di l, e m konte  
sou Seyè a pou L ban m entèpretasyon e siyifikasyon Pawòl sa a ki ekri. E m rekonesan anvè  
L

pou sa L fè pou nou nan semèn lan, kote nou... sou ouvèti So sa yo.

7 Epi, mwen, petèt ke li tap on bon bagay si Dimanch maten, nan... Nou konnen, anpil fwa... Nou pa vle ke yo konprann nou mal, men, nou konnen, nou... Sa a rive. E alò, petèt, Dimanch maten, si tout moun ki gen kesyon nan tèt yo konsènan sa, ekri l epi mete l sou chè a isi a, Samdi swa, e konsa m ka wè sa l ye. E apre map eseye reponn li pou ou, Dimanch maten, si Seyè a vle. M panse ke sa tap pi bon ke sa nou te prevwa, paske gendelè yo konprann li mal, nou konnen. E alò, fason sa, map... Li tap pi bon si m- si m eksplike l klè, nou konnen. Lap jis jan pou l ye a. Paske, gendelè, kounye a...

8 On moun rele jodi a epi l di, ke-ke, li rele epi li te vle konnen si se te vre, ke, "Lè Anlèvman an-an pral fèt, ap gen jis on moun nan Jeffersonvil epi on moun nan New York, epi rès moun yo ap sot lòt bò dlo." Alò, nou wè, yo jis mal konprann. Apresa on moun di, ke, "Samdi swa, si Seyè a bannou dènye So a, alò Jezi ap la Dimanch maten." Nou wè? Alò sonson... Nou wè, ou pa-ou pa...Se, se pa sa. E ou pa...Non.

9 Nou pa konnen. Si gen moun ki di nou yo konnen lè Lap vini, nou konnen yo an tò, pou kòmanse, paske pèsonn moun konn sa. Men nou vle viv, jodi a, tankou si se te kounye a.

10 Map fè nou sezi on minit, alò pare kò nou. Mwen-m kwè ke Jezi ap vini nan mwens ke twa minit, nan tan Li. Nou konn konbyen tan sa ap ye? Apeprè trannsenkan. Nou wè, mil an se jis on jou pou Li, nou wè.

11 Alò, lè nou tandè apot la isit la ki di: "Tan an pre," la a, "tan an pre." Apot la di sa nan Apokalips. Nou konn depi konbyen tan sa fèt? Li pat... Sa te jis yè, pou Bondye, poko menm de jou.

12 Epi, nou wè, si se twa minit, mwens ke twa minit pou L vini, nou wè, sa ta vle di trant ane, apeprè, pou nou, ou on bagay konsa. Epi gade kijan, kisa twa minit ta ye pou Li: Li gentan leve, pou L vini. Alò nou, ou... kèkfwà lè wap li la a, Lap pale selon tèm Pawòl la, nou wè, pa selon tèm nou yo.

13 Epi apre si m te konnen ke L tap vini demen swa, demen swa, demen m ta pral etidye e mande L pou L ban mwen Mesaj la pou Katryèm So a. E m ta pral desann isi a pou preche L, menm jan an. Nou wè? Chak jou mwen-mwen vle pou map fè, jis sa m tap fè, si Li vini. E m pa konn lòt kote ki pi bon pou yo bare m ke nan pòs travay mwen, nou wè, nan pòs travay mwen. Alò nou jis ap kontinye regle afè nou jiskaske L vini.

14 Gendelè lè nou jis ap li, epi, kounye a, fè trè atansyon. E lè wap li, lè w resevwa kasèt yo, tandè yo byen. Paske, wap konprann li sou kasèt yo, paske yo retandè kasèt yo, e yo vrèman trè klè. Alò, la a wap konprann li pi byen.

15 Kounye a, m espere ke tout moun damou Kris, aswè a, e ke tout moun renmen Li.

16 M pral di nou kisa, gendelè, kisa ki konfonn moun yo, se yon moun ki vini e ki pa tandè premye pati sèvis la, nou wè. Lè a, yo vini e yo tandè w kap fè referans, ki tounen sou on bagay, e apres a yo pran sa, sa ki di, san yo pa tandè premye pati a. Apres a, sa vin konfonn nèt pou yo, nou wè, nan moman sa a. Epi yo vrèman panse ke yon lòt bagay te di, men Semen Se pa sa.

17 Alò si nou gon kesyon ke nou pa konprann, jis make l sou on moso papye. Depoze l la a, nenpòt lè ant kounye a epi Samdi swa. Epi map eseye, Dimanch maten, pou... Si li on ti jan pa klè, di: "Eben, m mande m sa sa vle di la a. M pa konprann." Nou konn sa m vle di. Apres a ma eseye reponn pou nou, Dimanch maten, si Seyè a vle.

18 Kounye a, aswè a nou pral li nan vye Pawòl beni sa a ankò, nan chapit 6. E nap kòmanse aswè a avèk Twazyèm So a. E sa se vèsè 5 la, vèsè 5 ak 6.

19 E demen swa nap fini ak kat kavalye yo; chwal blan an, e chwal wouj la, chwal nwa a, e chwal pal la.

20 E m vle di sa. Ke, chak fwa, menm jiska maten an, apeprè...M leve vrèman, vrèman bonè epi m al lapriyè anvan bagay yo bouyonnen, epi m jis kontinye lapriyè tout jounen an. Men maten an, byen bonè, Sentespri vin kote m te ye an. E klè menm jan ak nenpòt bagay, m-m te wè lòt So sa a k ap louvri kounye a, pafètman. Bon-bon-bon, Li tandè m, m konnen. E m trè rekonesan.

21 Kounye a, n ap jis sonje ke g on bagay k ap rive. Ke, mwèn-m swete n ap kapte l, ou wè, ou wè, ke g on bagay k ap rive. M jis vle teste legliz sa a on fwa, epi wè si l te ka kapte on bagay anvan ke l pase an reyalyte. Kounye a sonje, sonje sa m te di nou. E, kounye a, ke Seyè an ede nou.

22 Kounye a nan vèsè 5 lan.

*Aprè sa, ti Mouton an kase twazyèm sele a. Mwen tande twazyèm bèt vivan an ki t'ap di: Vini...wè! Mwen gade, mwen wè yon chwal nwa. Moun ki te moute l' la te kenbe yon balans nan men li.*

*Mwen tande yon vwa ki soti nan mitan kat bèt vivan yo ki t'ap di: Yon mezi ble pou yon kòb. Twa mezi pitimi pou yon kòb. Men, pa manyen ni lwil la ni...diven an.*

23 Kounye a ann reprann kontèks sa a jis on tikal, e sou So nou te pase yo. Paske, jis tankou nan laj legliz yo, eben, nou eseye bay on kontèks, pou fè l monte youn sou lòt, pou nou ka...Se fason laj yo ye an reyalite nan Lekriti, youn monte sou lòt la, konsa. Tankou grenpe on echèl, epi grenpe on mach eskalye, pito; youn kouri desann nan lòt la, epi tounen dèyè kon sa, antan w ap monte on mach eskalye.

24 E kounye a, So sa yo, ...Son-Liv Redanmsyon an, ki sele. Tout moun konprann sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] E Liv sa a sele ak Sèt So. Li son Liv sèt so. Ou wè?

25 E sonje kounye a, jan nou te eskplike l bannou, epi te pran l nan Jeremi ak tout. Kounye a, yo, lè yo te gen...Yo te ekri kon sa, sou on moso tèks, oswa on paye, pito; oswa, pa papye, men se t on po. [Frè Branham eksplike woule ak sele yon woulo, nan sèvi ak fèy papye—Editè a.] Epi yo te woule l, kon sa. Bon sa a...Epi yo te kite bout li an kon sa; sa make sa k la a. Apresa pwochen an pran menm kalite pozisyon an, woule menm jan an, woule kon sa. Epi apre, nan bout lan isi a, li detache kon sa, epi yo te lage on lòt.

26 Ebyen, se te Liv sèt so an. Kounye a nou pat janm gen Liv kon sa jouk dènyèmman. Liv yo nan ansyen tan an se te woulo. Yo te woule. Epi lè yo te vle on sijè oswa nenpòt bagay...Tankou si-si Bib lan woule, nou vle li Liv Ezayi an; nou t ap vire isi a nan Ezayi, epi dewoule l kon sa, epi li l. Epi sa se on Liv Redanmsyon sèt so.

27 E kounye a nou jwenn ke Ayo an ap vanse, Li pran Liv lan nan men Sila ki te chita sou Twòn lan, epi l kase So yo, epi-epi lage...epi l lage Sa a, lage So yo bay moun yo.

28 Epi kat Bèt vivan yo ki chita la a, ke n te pran nan laj legliz yo, menm kat Bèt vivan yo, nou wè yo nèt ale, nan Lekriti, epi yo se Sila a Ki fè anons So sa yo ki kase. Kounye a, e nou wè ke se on-on Liv Redanmsyon.

29 Apresa nou te tounen epi n te gen Paran Redanmtè a-a, epi n te pran l, pou wè kisa travay Li te ye. E kounye pandan tout laj sa yo, Kris t ap fè travay Paran Redanmtè a. Kounye a, tout sa ki konprann sa, di: "Amèn." [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Li t ap fè travay Paran Redanmtè a.

30 Men gon tan k pral vini kote travay redanmsyon an ap fini. E lè travay redanmsyon an fini, lè sa a Li kite Twòn Bondye an, kote L chita kounye a. Men sa pa Twòn Li. “Sila ki genyen batay la va chita avè M nan Twòn Mwen, jan M te genyen batay la epi m te chita sou Twòn Papa M.” Sa pa Twòn Li. Sa se pou Lespri, Bondye. Kris, Ayo an, li pa pou Li. Li se Bondye enkanne an, ou wè; ki se menm Bondye an, fèt enkanne. Kounye a, Li leve sot nan fotèy la...

31 An premye, anons lan te soti, paske: “Ki Moun ki kapab vini epi re-...epi pran Liv Redanmsyon sa a?” Ou wè, pou plan redanmsyon an an antye, depi Adan, tout sa Adan te pèdi.

32 Pat ganyen k te pèdi anvan Adan. E apre Adan, tout bagay te pèdi, sou latè. E tout bagay nan kreyasyon latè a te pèdi. E tout bagay te tonbe ak Adan, te janbe ravin lan, ke pèsonn pat ka reprann, pat gen mwayen ditou. Lòm, lè I te peche, li te kite chemen li, li pat kite okenn chemen pou I tounen. Epi apre...

33 Lè yo te poze kesyon sa a; Jan revelatè a, sa...pwofèt Jan an, te nan vizyon an epi I te wè I. E pat gen okenn moun nan Syèl, okenn moun sou latè, okenn moun anba tè a, oswa pyès moun, pat menm diy pou gade Liv lan. Ou wè? Kounye a jis panse a sa! Apresa Ayo an vanse, epi L pran Liv lan. Kounye a yo te mande Jan pou I pa kriye ankò. Li te di: “Men, Lyon Jida a triyonfe, epi-epi Li ka pran Liv lan epi louvri L.” Kidonk, li te vire pou I gade on Lyon, epi I te wè on Ayo. Ansyen an te rele, I te di: “On Lyon triyonfe.” Men lè I vini epi I te gade, se te on Ayo ki tap soti nan Twòn lan.

34 Kounye a, li pat janm remake Sa anvan. Poukisa? Li te dèyè la a, nan fè travay medyasyon L lan; paske Li t ap senyen pou moun yo, ap entèsede pou moun yo, jiskaske dènye nanm lan, ki te mete nan Liv Lavi Ayo an, anvan fondasyon mond lan, antre. E kidonk, lè sa a, lè dènye nanm sa a antre, lè sa a, tan redanmsyon an fini.

35 Alò Ayo an vanse pou reklame dwa L yo sou sa L te rachte yo, e sa se tout kreyasyon an. Latè a ak tout bagay se pou Li. Ou wè? Li te rachte I ak Pwòp San Li. E lè Li avanse pou pran Liv sa a, e louvri Li, eben, o la la, yo te...Jan pat kriye ankò. Epi I te gade, epi Ayo sa a se t on Ayo, yo te asasinen. Yo te touye L deja, men li te vivan ankò. E kounye a nou te dekouvri ke on ayo ke yo touye, se on ayo ki kouvri ak san, kap senyen toupatou. Yo te touye L. Apre ke yo te touye L, Li te resisite ankò. Li te chita sou Twòn lan, annou di, dèyè Twòn lan, kon sa, ap entèsede pou tout nanm sa yo ki t ap vini. Apresa lè dènye te la, epi sa te konplete,...Bondye te toujou kenbe Liv Redanmsyon an. Ou wè? Kounye a Li jis ap fè travay Paran an kounye a.

36 Tankou, Boaz te desann, epi Ruth te jis chita la a ap tann jiskaske Boaz...M vle di, Boaz te fè re-...travay paran redanmtè a. Nou sonje m t ap preche sa, sa pa fè lontan? Ruth, tap ranmase grenn lan; epi, Ruth, kèlkeswa sa l te fè; ensidswit, epi dènye bagay la se te, Ruth, ki tap tann. Sonje kijan m te montre ke s on tip de Legliz? Pandan ke, Boaz desann pou fè travay paran redanmtè an. Li te fè l; retire soulye l epi te bay on temwayaj, epi te rachte Naomi, epi, atravè la a, li vin gen-li vin gen Ruth. Kounye a, kidonk, Ruth te jis ap tann, paske li te travay deja. Li te fè tout lòt bagay sa yo, men li t ap tann kounye a. Epi apre lè...Legliz la ap tann, ap repoze (anpil nan yo, pi fò nan yo, nan pousyè latè a), pandan L ap fè travay Paran Redanmtè L la.

37 Kounye a mond la toujou ap vin pi mal. E peche ap fè pil, epi-epi maladi, ak pwoblèm, ak lanmò, ak chagren. Lèzòm san Bondye ak fanm san Bondye mouri dwat. Kansè manje yo, ak tout lòt bagay, alò ke yo pa ka pran posesyon ase lafwa pou rive manyen la a epi pran l.

38 Kounye a remake. Men lè sa a, apre ke tout te fini, apre mediya-...Li...entèsesyon Li te fini, Li avanse, pran Liv lan nan men L. Epi lè sa a Jan, ak tout bagay nan Syèl la, epi yo kòmanse...Nanm yo ki anba lotèl la kòmanse ap rele. Nou jwenn sa nan Sizyèm So an, ankò. E jan yo te rejwi! E-e yo te tonbe, ansyen yo, epi yo te vide lapriyè sen yo. Epi nanm yo anba lotèl la te rele: "Ou diy, paske Ou te rachte nou pou Bondye! E nou pral retounen sou latè, pou n viv kòm wa ak prèt." O, te g on gran...

39 Epi Jan te di: "Tout moun nan Syèl la, tout moun anba tè an, ak tout bagay," te tande l k ap louwe Bondye sou sa. Jan dwe te jwenn non li La a, nou konnen. Tout tan sa a!

40 Apresa l te di: "Li diy pou L pran Liv Redanmsyon an." Kounye a li pa pou Jij lan ankò. Li pou Redanmtè a, e Li te fin fè travay redanmsyon an.

41 Kounye a Li pral montre Legliz lan sa l te fè. Amèn. Ou wè? Apresa Li jis pran...Men Liv lan fenmen. Pèsonn pa konnen, ditou. Yo te konnen Se te on Liv Redanmsyon, ki te La a, men Li dwe releve nan dènye jou yo. Selon Apokalips 10, setyèm anj lan pral resevwa Mesaj la pou Sa. Paske, Li di, ke: "Nan tan son setyèm aj legiz lan, setyèm anj lan, lè l sonnen, tout mistè Bondye yo ta dwe fini, lè l pral sonnen." Alò, apre Li revele, Anj lan desann sot nan Syèl, ki se Kris. Kounye a sonje, anj sa a sou latè, on mesaje.

42 Kris desann, nou wè Li nan chapit 10 Apokalips lan; Li mete on pye sou tè a, lòt la sou lanmè a; akansyèl sou tè Li, je tankou...epi pye tankou dife, e ensidswit; Li leve men L anlè, epi fè sèman pa Limenm ki viv pou tout tan, sou Twòn la, ke: "P ap gen tan ankò." E lè L fè sèman sa a, Sèt Tonè fè vwa yo gwonde.

43 Epi ekriven an, ki se Jan, lè l te anlve, li te sipoze ekri sa l te wè a. Li te kòmanse ekri. Li te di: “Pa ekri L.” Paske...”Pa ekri Sa.” Se on bagay ki pa...Li te di: “Sele Li.” Nan kisa? “Sele. Pa di Sa.” Ou wè, Li dwe revele, men Li pat menm ekri nan Pawòl la.

44 Epi apre lè L kòmanse louvri So yo, nou dekouvri, yo tout te mal pou konprann. Ou wè? Lè L te louvri Premye So an, li te panse: “Kounye a men Li pral di: ‘E *entèl entèl* pral vin pran twòn lan, e *yon sèten* ap fè sa, epi *sila* pral fè sa.’”

45 Men lè se te sa, men l t al la a, on chwal blan, ap kouri, ak on kavalye sou li. Ebyen, li te di: “Li te g on banza nan men l; epi li te resevwa on kouwòn, apre on moman.” Se sa.

46 E Ayo an te vire tounen ankò, epi l te rale on lòt So, epi men on kavalye sou on nwa...sou on chwal wouj ki te soti. “E l te g on...te resevwa on-on epe; epi l ta pral fè lagè; epi l te resevwa on gwo pouvwa, e l te retire lapè sou latè, epi l touye youn lòt.” Sa te on jan...tout on bagay mistè (se pa vre?), lè L te louvri L.

47 E apres, sa kontinye, epi l te di: “Nan jou jis anvan Sèt Tonè sa yo, tout mistè yo, isi a revele.”

48 Kounye a gade. Apres nou dekouvri, antan nou t ap etidye, ke, desann nan laj yo, nou te gen refòmètè yo, pa pwofèt. Refòmètè! E chak fonksyon te pote pwòp-pwòp travay pa l.

49 Se tankou on nonm ki s on-on operatè pou telefòn, li pa egzakteman on elektrisyen. Li te ka petèt fè on ti djòb landan l. Epi tankou, si on nonm ki travay sou kab, ebyen, li sètènman...On nonm k ap fouye twou pou poto, e pat janm fè okenn travay kab, pito l ret lwen kab lan; men li ta ka petèt fè ti travay rapyese oswa on bagay.

50 Men lè vrè Bagay la dwe revele, nan dènye jou an, nan dènye pati Legliz la, se lè Bondye te di, ke Li t ap voye ban nou, selon Lèzekriti. E nou te fouye l nan tout sans, Li te predi ke Lespri Eli an t ap retounen nan on moun. Kounye a, m panse ke sa te eksplike klè. E nou...E n ap chache pou sa rive; on kote, on moun wen, nan dènye jou yo, ki pou leve. Kounye a n ap tandè anpil fanatik epi tout lòt bagay, men sa jis-jis pou eseye...Se dyab la, k ap eseye detounen de vrè moun lan, lè l rive isi a, ou wè. Men l ap idantifye kòrèkteman. Nou konn sa Eli te ye; e gade sa, epi nou-n ap konnen. Epi apre lè l...Kounye a, Eli yo ap konnen.

51 Pa lòt yo; se sèten yo pap konnen l. Y ap rate L, plis pase milyon edmi kilomèt. Tankou...Nou te wè tout sa, epi n te montre kijan yo te rate Jan, kijan yo te rate Eli, kijan yo te rate Jezi, kijan yo te rate tout nèt ale. E yo pral fè menm bagay la, paske Bib lan te di yo t ap fè l. Ou wè? Kidonk apres, nan tan sa a, L ap trè enb. L ap tèlman senp. Sa pral...sa pral fè

moun yo tonbe lwen L. Li twò senp pou yo. Nou dekouvri, e tout tan, lè moun yo vin entèlijan epi save, epi konn on pakèt bagay, alò yo jis...Se jis kalite moun sa ki rate l, nou konnen. Ou wè?

52 Jezi pat janm pran kalite moun sa yo pou (vin) disip Li. Li te pran moun ki pa save, pechè pwason, e pèsòn ki te konekte ak legliz yo a epi de bagay. Li te jis pran dèzòm òdinè, sa k ap kolekte taks, epi sa k ap travay nan fè m, epi sa k ap peche pwason, e latrkiye, pou fè travay Li. Ou wè? Paske, yo-yo konnen yo pa anyen, alò Li ka fè yo vin on bagay, ou wè. Tan ke yo kontinye konnen, ke yo pa anyen, alò Bondye ka travay.

53 Men lè yo vin ap panse ke yo konn on bagay, alò Bib la di: “Nou pa konn anyen ke n ta dwe konnen.” E kidonk, apres, nou-nou jwenn sa.

54 E kounye a, nou dekouvri, alò, ke mistè sa yo sipoze revele.

55 E poukisa lòt mesye sa yo, Wesley, Luther, ak gran refòmateur sa yo, ki te mennen jistifikasyon, sanktifikasyon, laj pannkotis la ak batèm Sentespri an ak bagay sa yo, poukisa yo pat kapte Mesaj sa yo-sa yo? Poukisa yo pat konprann Yo? Paske yo te refòmateur. Ou wè?

56 Jis tankou, pran l sou lòt bò a, te gen moun ki te vini ki te “gen pouvwa tankou wa, men yo pat wa.” Ou wè? Ou wè? Nou dwe remake tèminoloji Bib lan pou tout bagay. Ou wè? Kounye a gade. Men, sa a, rezon ki fè tout pwèn sa yo ensèten, sou pati mistè jistifikasyon an, pati mistè sanktifikasyon an, pati mistè batèm Sentespri an. E poukisa, ki kalite ki...?Èske Èv te manje on pòm, oswa te manje on grenad, oswa on bagay? Ou wè? Èske te...Kisa k te semans sèpan an? Epi-epi èske se batèm nan non “Papa, Pitit, Sentespri,” oswa Non “Seyè Jezi” an, kòrèk? E, o, dè santèn de bagay sa yo, te ensèten. Ou wè?

57 Answit nan dènye èdtan an, zanmi sa a dwe vini epi revele bagay la, ou wè, pran Ekriti yo. Yo pral idantifye l kòrèkteman. Ou wè. Wi mesye. Epi, koulye a, li pa pral on pakèt, pakèt bagay kounye a. Ta sanble, nan Bib la la a, li ta on pakèt bagay.

58 Konbyen sa te gran lè Jan te sipoze desann la a epi batize! Jis reflechi kounye a. Pwofèt yo, rekile, rekile nèt, Ezayi, Malachi, yo tout te pale de li, lè l ta dwe vini. Men lè li te vini, jis pou kont li, vyeyi, pa enstwi, ak bab nan tout figi l, epi cheve ki soti kankou plim cheni, ak on gwo vye moso po mouton anvlope l; pa enstwi ditou, pat janm al lekòl on jou nan vi l, pou sa nou konnen. Ou wè? Men li la a, soti nan dezè a, pa menm osi byen akeyi tankou dèyè on chè, epi li te kanpe bò rivyè Jouden e l te kòmanse ap preche pèp la pou repanti. Èskew ta ka imajine sa!



59 Bib la te di ke, "Tout bagay pral tèlman grandyoz nan jou sa a, menm tout kote ki wo yo pral abese, epi tout kote ki ba yo pral elve." Wi mesye. "Epi tout kote difisil pral aplani."

60 Poukisa, m ka imajine m wè yo la ba a, ki panse ke Jan ta soti, oswa gran prekisè Kris la, epi jis pran tout dezè a epi byen aplani l, e remete l an gazon ankò. Ou wè? Oh, yo, m imajine m ke yo te gen tout bagay aranje deja, apeprè menm jan jodi a.

61 Men, li te tèlman enb, menm apot yo te rate l. Yo te di, "Oke, poukisa ekriti a di, si l ... w ap monte anwo a, pou yo ka ofri w kounye a? Poukisa ekriti di ke-ke Eli dwe vini an preye? "

62 Li te di : Li deja vini, e nou pat konn sa. Epi, Fis De Lòm lan, yo pral fè l menm bagay la. Men, Jan, "Li te di," li te fè, jis sa, ke l te sipoze fè a. Answit, yo fè l, jis sa yo te sipoze fè l la. Epi, " Li te di," se konsa Fis De Lòm dwe souffri. "

63 Poukisa, m devine, pa t gon tyè nan ras jwif yo, ki te janm konnen ke Jezikri te sou tè a. Yo pa t'... Yo te ka tandè pale de on fanatik nan zòn anba la a, men yo pa t' fè okenn atansyon a sa, jis pase tout dwat. "Li te vini pou pwòp moun li yo, e pwòp moun li yo pa t resevwa l." Koulye a, men kote m kwè ke,menm ... Koulye a, li pa t di, Li tap vinn an kachèt.

64 Men anlèvman an pral on sekrè. Alò si sa ta tèlman sekrè, lè l vini, konbyen plis anlèvman pral on mistè! Ou wè? Yo pa pral konnen l. Dirèkteman yo pral di, "Bon, M te panse nou te sipoze g on anlèvman. E tout jijman sa a sou tè a? "

65 Li pral di, "Li te deja fèt, epi w pa t 'konnen l." Ou wè? Li pral konsa, jis tankou on vòlè nan mitan lannwit.

66 Tankou on-on liv m te li, on fwa. Kijan l te rele? Romeyo e Jilyèt, eske se te sa, oswa on bagay konsa? Li te kite, li te leve echèl la a kote kay la, on fason kòm on lòt. Mwen bli- ... Sa fè lontan. Epi l vin, chache l... pou fè l soti nan nwit lan.

67 Kounye a, se fason sa a li pral—li pral rive, epi li pral disparèt. Pa ke, yo pral voye on pakèt zanj desann, ak pik, pou fouye tonm yo. Bib la te di, "Nou pral chanje, anvan menm ou te kab bat je w." Jis on batman je, e se fini, se rapid. Yap jis di, "Yon moun te disparèt."

68 Bon, M ta imajine si nou te kab fouye nan tout mond lan, jodi a, te ka gen senk san moun ki disparèt sou tè a chak jou, ou wè, yo pap konn anyen de sa. Sa jis rive, ke yo disparèt.

Ebyen, pap gen anpil ki pral nan Anlèvman sa a.

69 Kounye a, M pa vle fè w pè, epi M — e M — M — M — M pa kwè se konsa, men M jis vle di w kisa l te di. Epi w konnen l, ou menm. "Jan sa te ye nan epòk Noe a, kote dlo te sove uit nanm. Uit nanm pami tout mond lan, sove pa dlo. "

70 Bon, ou di, "Oh, lala! M pa menm bezwen eseye. "Sa montre w pa gen kalite fwa ke w bezwen an.

71 Si pral jis gen—gen youn, sa pral mwen menm, amèn, paske m kwè. Ou wè? Sa a se fason w vle kwè l, ou wè, "Fè ke se mwen '." Sèten. M vle viv tèlman pròch li, ke M konnen lap pran m lè l vini. M kwè l. Se vre. Konsa, si gen ... Si tout lòt moun rate l, mwen pral la, pa gras Li. Paske, Li te pwomèt mwen sa, e mwen konnen ke m ap-m ap la paske Li pa kab manti. E m, M konnen nanm mwen ak vi m rann temoyaj, epi m ap eseye viv chak jou jis kòm si l tap vini, epi M-M-map grenn sa a. Sa a se fason w vle santi l, "Si pral gen uit, m pral youn nan uit sa a; pral senk san, m pral youn nan senk san. M pa konn pou lòt moun, men mwen vle youn nan senk san sa yo. " Ou wè? Se fason sa a ou vle raple w. Ou wè?

72 Men, si w pa ka raple w de li konsa, g on bagay ki pa mache ak fwa w. Ou wè? Ou pat fin sèten ke w te deja sove, lè sa a. Ou jis te devine sa. Pa fè sa. Dakò.

73 Nou pa pral rive nan So sa a, pa vre? Dakò. M vle, chak swa ... M pa konnen si sa ap deranje w ke m pran tan w. Nou te kab soti on ti kras pi bonè. Pa gen twòp ...

74 Nan revelasyon sa yo, So sa yo, sonje, se sèlman vrèman on vèsè. Premye a, pale de anonse li a, 2yèm vèsè a. Pifò kòmantè yo, elatriye, lekti li, oswa-oswa li panse yo, e M gen- e M te toujou kwè tankou prèske tout nan yo, ke premye kavalye chwal la te- te premye legliz la. Men lè Sentepri a te revele l, li te absoliman kontrè ak sa. Epi apre, tout sa l fè, jis montre sa l ye. E ansuit sa M eseye ...

75 Koulye a, pou mwen, sa trè sakre. Se pou rezon sa a ke m ta pito reponn kesyon sa yo. E ann nou wè, tout moun ap byen konprann, e sou bann yo, tou, ke yo pral konprann kounye a. Ou wè? M te eseye pale on ti kras, nan aswè, pou etabli baz la, pou ke moun yo ...

76 Moun ap prese e pouse pou antre, epi, ou pa ta dwe fè sa. Ou wè? Men, lè sa fèt, se èt imen yo. Epi li fè cho isit- isit la, epi w-epi w vinn ajite.

77 Men ou te trè, trè janti. Meyè fason m te janm wè moun yo konpòte yo, nan Tabènak, se te reyinyon sa a; e n te chita trankil, e manman yo te menne ti bebe yo nan sal pou manman ak bebe yo lè yo te kòmanse kriye. Epi tout bagay te trè byen.

78 Men M eseye jete baz la jiskaske m jis santi onksyon Sentepri a sou mwen, pou m di sa k te revele a mwen. E alòs, si m genyen, yon kote, m te fè sa, si m te fè yon erè la a, asireman la a devan tout moun yo Li va korije l pou mwen. M-m vle sa. Se-se ... M vle sa kòrèk. Pa gen okenn nesesisite pou pran jis sa w imajine. Gen yon bagay ki dwat, e-e nou vle Sa. Nou vle ke Bondye bannou sa ki bon.

79 Kidonk kounye a nou te pran sa a, kavalye sa yo, pandan ke yap vanse. Premye chwal la, kounye a, e nou reyalize ke se te-antikris ki te soti. Answit nou jwenn, yè swa, ke menm kanmarad sa a ki te derape ale a tankou antikris, tankou yon chwal blan an, nou jwenn li ak yon epe, yè swa, ap galope, epi ap touye moun.

80 Bon, kounye a, toujou gen natirèl ak espirityèl la. Epi poutèt legliz la, mwen vle prezante yon tip, jis anvan nou rive nan ouvèti So sa a.

81 Sa a, se sa L ban mwen, m te genyen l ekri la a. M te gen plizyè Ekriti la a, sèt oswa uit paj de sa, pou m ka refere m a li.

82 Remake, M vle prezante yon tip, de Legliz la, epi rann li tèlman klè ke w pap ka pa wè l. Ou wè?

83 Men ni, te gen yon epouz natirèl nan jaden Dedenn nan. Raple w yè swa? epouz natirèl sa a, se te cheri Adan an, se pat ko madanm li, paske l pa t konnen l kòm madanm li ankò.

84 Menm jan Mari te madanm Jozèf, men li pat ko janm konnen l. "Li te twouve l ansent de yon timoun." Ou wè?

85 Kounye a, anvan Adan te konnen madanm li, li te jis yon epouz pou li. Se byen. Epi nou jwenn ke Bondye ... Li, li te tonbe nan jaden Dedenn nan paske li te echwe pou kenbe Pawòl Bondye a.

86 Kidonk, Li te konnen Satan t ap lage nan mitan yo, konsa Li te ba yo yon kote pou yo ka abrite yo; pwoteje yo. Ebyen, la a, ki moun ki ka konn yon meyè kote pou an sekirite, pase Bondye, si l ap eseye pran swen pwòp pitit li yo?

87 Si mwen te vle pran swen ti Jozèf mwen an, ebyen, frè, tout bagay...E m te konnen lavi l depann de sa, pou sa, m ta ... e m te kab fè l. Ebyen, si karant pye beton, ranfòse, ta-ta bagay ke ta dwe fè a, sa a ... M ta fè l katrevendis pye, pou m si, de sa.

88 Men si m ka panse a ti gason m nan, (Sa a se, si lavi mòtèl li ta pèdi, mwen kwè ke yon timoun ta sove,) konbyen plis, pou Bondye, pou pitit li ki ta pèdi Etènèlman! Dèyè kisa l ta dwe kache l? Li te mete l dèyè pwòp pawòl li. Osi lontan ke w nan Pawòl sa a, ou an sekirite. "Si w rete nan mwen, e pawòl mwen nan ou, lè sa a jis mande sa w vle." Se sa l ye, Pawòl la.

89 Se konsa, Èv ta p pwonmnen nan jaden an, e l kouri al jwenn sèpan an, yon jan an de eleman byen poli. Epi li ... Epi li kòmanse ... Koulye a, li te sou lòt bò a. Bondye ap viv, rete, travay nan imilite, pa janm yon lòt fason. Ou wè? Kounye a, ti dam enb la k ap mache la, epi

Satan vini tankou yon sòt de kanmarad saj, rize, poli. Epi li te vle vann pwogram nan. Osi lontan...

90 Kèlkeswa enpòtans Satan te gen nan alantou a; toutotan I te rete dèyè Pawòl sa a, li pat gen pwoblèm. [Frè Branham tape sou Bib li a - Ed.] Ou wè? konsa, kite Satan fè tout sa I vle; ou jis rete ak Pawòl la. Sa pa fè okenn diferans.

Si I di, "Poukisa w malad."

"Pa mak blese I yo mwen geri."

"Ebyen, ou pral mouri."

"La p resisite m ankò. Li te pwomèt li. "

91 Gade, jis rete dèyè Pawòl la. Se fini. Kris limenm te refijyel L dèyè Pawòl la,. "Li ekri." Ou wè? Koulye a, rete dèyè Pawòl la.

92 Men, Èv, li kòmanse yon jan abandonnen, men li pa janm finn abandone nèt. Li sèlman kite yon ti fraz tonbe. Epi se sa ke Satan te vle I fè. Li te fè I soti dèyè pwomès Bondye a, ak rezònman.

Pa janm eseye rezone Pawòl Bondye a. Jis kwè li! Ou wè I?

93 Konsa, li te kite kote I ye a. Epi anvan menm ke Adan te genyen I, pou madanm, li te deja souye pa Satan. Epi li ...

94 Epi w remake? Kris te fè egzakteman, menm bagay la. Koulye a, poul rachte, Bondye te dwe la anvan. Eske w remake? Mari, anvan li te vin a Jozèf, Sentespri a te gen tan rive. Amèn. Ou wè? Se la a ke Redanmtè a vini.

95 Bon, kounye a remake, fanm natirèl la tonbe, epi Bondye te fè yon fason pou I te rachte. Malgre I te tonbe, Li te fè yon fason.

96 Kounye a, se te premye epouz sou tè a, ki te tonbe, anvan ke mari I te marye avè I. Li te tonbe akòz de - de rezonman, olye pou yo rete ak Pawòl la. Li tonbe. Epi li tonbe nan lanmò, separasyon etènèl. L te pran avè I, mari I ak tout lòt bagay ki te gen sou tè a. Li te tonbe!

97 Men, koulye a, Bondye, ki ranpli ak mizèrikòd, te fè yon fason pou rachte fanm nan. Epi koulye a, Li te pwomèt li, li di I 'ke a nenpòt ki moman, nan tan kap vini an, vrè Pawòl la va vin a limenm ankò. Vrè Pawòl la pral prezante a limenm. Koulye a, raple w sa. Paske, Li te pwomèt Kris, atravè fanm lan.

98 Epi Kris se Pawòl la. Saint John 1, "Nan konmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. Epi Pawòl la te fè l chèn, "Ou wè," epi l te abite pami nou. " Bondye te abite avèk nou nan lachèn. Li te Pawòl la.

99 Anvan yon Pawòl, se yon panse. Epi yon panse te dwe kreye. dakò. Kidonk panse Bondye a vin kreyasyon lè l te pwononse, pa yon Pawòl. Sa se lè l prezante l a—a oumenm kòm yon panse, panse L, epi l te revele a wou. Alòs, li toujou yon panse jiskaske w eksprime l. Se pou rezon sa a ...

100 Moyiz te soti al lapriyè. Kolòn dife sa a toutotou l, epi L te di, "Ale, etann baton w bò lès la, epi di, se pou mouch yo vini."

101 Pa gen mouch. Men li ale, li etann baton an la, li te di: "Se pou mouch vini." Pa gen mouch ditou, ankò. Li te retounen. Men pawòl sa yo, panse Bondye a, te deja pwononse. Se yon pawòl, kounye a li te dwe rive.

102 Koulye a ou pa wè ki kote Jezi te di? "Si w di mòn sa a; se pa si m di l. Men oumenm di mòn sa a, deplase la a.

103 Epi premye bagay la, m devine, nan tan Moyiz la, gwo vye mouch vèt kòmanse ap boudonnen. Epi, apre yon ti moman, yo te senk liv pou chak lakou. Ou wè? Ki kote yo soti? Limenm ... Bondye te kreye yo. Èske w pa wè ki jan ...

104 Bondye kapab detwi mond sa a aswè a, avèk-ak ti mouch, si l vle. Bon, Li te kapab anpile mouch monte jouk nan lalin nan. Sèl bagay li te kab fè se jis di, "Se pou gen mouch, rive nan lalin nan." Sa ta dwe tout sa l gen pou l te fè. Pa bezwen pwodwi chimik oswa anyen, yo ta jis ogmante ap ogmante, kontinye ap ogmante. Ou wè?

105 Li ka fè sa l vle. Li se Bondye, Kreyatè a. Sèl bagay la pou fè se jis eksprime l. [Frè Branham klake dwèt li yon fwa — Ed.] Se vre. Li se kreyatè a. Koulye a, si n ta jis reyalize ki jan Li gran! Ou wè? Li jis fè sa l anvè fè.

106 Li chita la ap gade moun yo, epi ti edikatè sa yo, pran pòz entelijan, epi di "Pa gen Bondye," epi—tout bagay sa yo. Hen! Poukisa, se jis kòm si yo te nan Babèl, ankò. Babèl, pito.

107 Koulye a nou remake ke Bondye te di Èv, ke, "Apre yon sèten tan, Pawòl la ap retounen a wou." Koulye a, ki jan l te tonbe? M vle klas mwen an di l. Li te tonbe de kisa? De kisa Èv te tonbe? Pawòl la. Eske se sa? [Kongregasyon an di, "Pawòl la." - Ed.] Pawòl la. Epi Bondye te di Li pral fè yon fason pou rachte l poul retounen a Pawòl la. Se sa. Apre yon sèten tan, li ta konnen Pawòl la. Se sa. Pawòl la ta vini nan yon sèl objektif kounye a. Kenbe fèm kounye a, sa m ap di a. Pawòl la ta vin a li pou yon sèl objektif, se te pou redanmsyon. Se vre.

108 Men, jouk - jouk lè sa a, li te gen yon ranplasan ki ta - ki ta efikas jiskaske lè a rive pou Pawòl orijinal la. Koulye a, ou-ou konprann byen? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Ou wè? Li te di l Pawòl la t ap vin a li ankò, men, jiska lè sa a, Li ba l yon ranplasan jiskaske moman sa a rive. Kidonk, li te ba l yon ofrann pou fè, yon ranplasan pou san sa a.

109 Koulye a, san an te vin de towò bèf, e mouton, kabrit ak lòt bagay, men li pa t efase peche l la. Ou wè? Li sèlman kouvri peche l la. Li pa t efase peche l ditou, ditou. Li te kouvri l. Paske, se te san yon bèt, epi san bèt la se lavi bèt la. Se te yon ranplasan an atandan reyèl la ... Koulye a, met djakèt ou sou wou.

110 Vrè, san imen an, tankou èt imen ta dwe, vin enkane (Bondye); san sèks, vyèj, nesans pa yon vyèj te pwodwi sa. Kounye a, Pawòl Bondye a, pwomès la, te tounen San, e li te enkane nan pèsonaj Jezikri Sovè a. "San towò bèf e kabrit, elatriye..."

111 Men tann koulye a. Bondye te fè pwomès la la a, lè l di ke l ta la lè l rive, "semans li ta dwe kraze tèt sèpan an." Koulye a, si semans li a vin tankou l te vin de Adan an, oswa tankou l te vin de sèpan an, elatriye, Lè sa a, li ta toujou yon semans peche.

112 Se pou rezon sa a Jan te kriye. Pa t gen okenn moun, paske okenn moun ... Tout moun te anfas, lòt bò fose a, pwofondè a. Men ap vini yon tan ke lè ranplasman san bèt la ta dwe disparèt, lè reyèl, san enkane a te vini: Bondye, fèt ak chè e san. Bib la te di ke l te fè l. Premye Timote 3:16, "San kontwovès mistè Bondye a gran: paske Bondye te manifeste nan lachè." Se vre. Nesans pa vyèj la te fè sa.

113 Koulye a, san mouton ak kabrit kouvri peche a, men yo pa t elimine l, paske se te san yon bèt. Men, sa te dwe kòrèk, sa te dwe yon ranplasan.

114 Epi yo asireman te abitye ak ranplasan sa a, e konsa yo jis te kontinye avè l.

115 Epi, lè, vrè Pawòl Bondye te pwomèt la te parèt aklè nan Jezikri, ki te pwouve ke l se Pitit Gwo Kreyatè a Bondye a; epi l te jistifye, li menm, pa Pawòl vivan Bondye a. Whew! Oh lala! Li te pwouve ke se te li. Li te kab pale pou kreye bagay .

116 Pa gen yon moun, oswa-oswa okenn bagay nan mond lan, ki ta ka fè sa. Pa gen yon bagay nan mond lan ki ka kreye, eksepte Bondye. Dyab la pa ka kreye. Li se yon koriptè de sa k te kreye, men l pa ka kreye. Peche se sèlman jistis ki pèvèti. Ou konn sa m vle di. Ki sa yon manti ye? Se verite a ki mal reprezante. Ou wè? Kisa yon adiltè ye? Zak jis e legal ki pèvèti. Tout bagay nan peche, peche se jis verite a ki pèvèti. Koulye a, li pa t kapab kreye.

117 Men lè Kris te vini, li te pwouve l se Kreyatè a. Men san ki te pwomèt la. Koulye a, si w vle li sa, ou ... Ann jis tounen paj la yon minit. Nou pral pase tan an sou sa a, de tout fason, aswè a. Mwen ...

118 Li mete m sou tensyon. M panse ke tout moun vle ale lakay yo , ou konnen. E konsa, se yon...[Kongregasyon di, "Non." - Ed.] Koulye a, ann al nan akt 2. Mèsi. Epi nou pral jis...

119 Akt 2, epi n pral wè si se sa,oswa se pa sa. Si se pwouve ke se te Bondye. Se sa. Al nan Akt 2. Koulye a ann al nan 22yèm vèsè a, Pyè ap pale, Jou Lapannkòt la.

Nou menm moun Izrayèl yo, koute pawòl sa yo. Jezi de Nazarèt, yon nonm apwouve pa Bondye nan mitan nou ak mirak ... mèvèy e siy, ke Bondye te fè pa atravè li nan mitan nou, menm jan ke oumenm ou ou- ... al- ... ou yomenm tou konnen:

120 "Yon nonm ki te pwouve, ke l te Bondye nan mitan nou." Pa bagay sa yo ke L te fè, ki te pwouve ke se te li. Men Pyè, kanpe nan Gran Konsèy la, ap di yo sa.

121 Nikodèm te konn menm bagay la. Li te di, "Mèt, nou tout konnen ke w se yon Anseyan ki vin de Bondye, paske pesonn pa t 'kab fè bagay sa yo a mwens ke l vin de Bondye." Ou wè? Yo te konnen l. Men poukisa?

122 Kounye a gade. Koulye a, yo te pwomèt Èv sa. Men, lè ... Epouz sa a te desann, li te refize, lè vrè Pawòl la te vin a li. Alòs, fanm lan refize rekonèt epouz ebre a. Paske li te epouz Bondye a; Li te repidyel, pa yon divòs. Eske se byen sa? Li te epouz Bondye a.

123 Ou di, "Ebyen, yo pa t ko deja marye." Se sa. Men Jozèf te met Mari de kote anvan ... Li te pral met Mari de kote anvan ke yo te marye. Ou wè? Li te fyanse avè l.

124 E lè L vini, Epi Pawòl Li pwomèt la, vin nan maryaj la, Li jwenn li vlope nan ranplasan l yo, tèt bese, ke l pa ta pran vrè pwomès ki te fèt la, Pawòl la, Kris.

125 Petèt ou pa sezi l. Koulye a, kite m pase sou li ankò. M vle w sezi sa a, ou wè.

126 Li te pwomèt, (Epouz la, Èv), pou l vin yon Redanmtè. Redanmtè l ta Pawòl la. Epi lè Pawòl la vini, li fè l chè, li rejte L. Yo te ba l yon ranplasan. Koulye a, kenbe , "ranplasan sa a." Ak ranplasan yo pou kontinye, jiskaske Redanmtè a vini. Epi lè Redanmtè a vini, li te vle kontinye ak ranplasan li, li rejte vrè Pawòl la. Wè li? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] E se epouz ebre a.

127 konsa, li te fè de dezyèm Èv la, epouz, manman tout vivan espiryèl. Ou wè? Èv vle di "manman tout," sa ki se espri ... "tout sa ki vivan." Èv, "manman tout sa ki vivan."

128 Kounye a, e lè li te vin a epouz ebre a, li te manman tout sa ki vivan, men I te rejte I.

129 Èv Natirèl te tonbe, nan jaden Dedenn lan, nan koute rezònman Satan an kont Pawòl Bondye a. Se konsa li tonbe. Dakò, mesye. Li tonbe paske I te fè sa.

130 Èv espiyèl, kounye a, se legliz la, epouz Kris la. Li te tonbe, pa nan Edenn lan, men nan Wòm, ou wè, nan Konsèy Nise a, lè I te rejte, legliz pannkotis sa a ki te desann anba a nan Nise a, epi I te tandè rezònman Women an, olye pou I te kenbe Pawòl la, li te tonbe. E tout bagay lwen de li, te mouri avè I, bò kote I. Koulye a, menm jan Èv natirèl te tonbe, Èv espiyèl te tonbe. Epouz Bondye a te tonbe - tonbe nan jaden an; epouz Kris la tonbe nan Wòm. Ou wè?

131 Remake, pa menm rezònman an, kont Pawòl Bondye a, li te pèdi dwa vèti li tou, pou Satan. Ke, nou te jwenn nan louvèti So sa yo, ke se te Satan, epi se toujou Satan ki la. Bib la te di se syèj Satan menm. Epi menm jan Èv te pèdi I - dwa vèti I yo, epi I te remèt yo bay Satan, nan jaden Dedenn nan; legliz la, epouz Kris la, te fè menm bagay la nan Wòm, lè yo te pèdi Bib la pou dògm ak rezònman yo. Ou wè kijan li tipifye I I? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.]

132 Ou jis demontre tip sa yo, ou oblije fè sa kòrèkteman. Si men m yo sanble ... Si m pat janm wè mwen, epi m wè lonbraj mwen ap vini, mwen pral jis konnen apeprè a kisa m sanble. Ou wè? Men, se yon fason a. Si w vle wè sa k ap vini an, gade sa k te la a. "Paske ... tout vye bagay yo te lonbraj bagay ki gen pou vini yo, Bib la te di." Se vre.

133 Paske, li te pèdi Pawòl vètye li a, Pawòl Bondye a, lè I te vann Bib la, epi li te met yon nonm la ki di ke legliz la gen dwa chanje nenpòt bagay yo vle chanje. Apre sa, yo te fè I. Epi epouz Kris la, epouz pannkotis la, te vann vèti li, nan Nise, menm jan Èv te vann vèti I la a Satan nan jaden Dedenn nan. Egzakteman. Se byen.

134 Bondye te pwomèt; legliz sa a, legliz pannkotis sa a, li te konnen ke I tap fè I; menm jan I te fè I pou Èv la, Bondye te pwomèt li.

135 Legliz pannkotis la, ou kwè ke I te vann dwa denès li, anvan ... vèti li, lè I te kite laba a ? Ou kwè sa? [Kongregasyon an di, "Amèn." - Ed.] Limenm, sèten, li te fè I. Alòs, a kwa bon yon kredo, ki pa baze sou Bib sa a? M vle ke yon moun jwenn sa yo rele Kredo Apot yo, oswa menm yon mo konsa nan Bib la. Sa se yon kredo Katolik, pa kredo apot yo.

136 Li Akt 2:38, sa se Kredo apot yo, si I gen nenpòt ...? ... Koulye a, sa a se sa yo te itilize tout tan, antouka. Konsa, si w ... ou wè?



137 Konsa, yo te vann dwa denès yo. Se pa sèlman sa, Methodists, Batis, Presbiteryen, pannkotis, rès nan yo, te fè menm bagay la. Li te fòme yon denominasyon. Wòm, sa k te fè l fè sa, li te fòme yon denominasyon, li mete nonm nan tèt li. Epi Methodists yo, Batis, panntkotis chak nan yo, te fè menm bagay la, mete yon gwoup nom nan tèt li. Kèlkeswa sa Bondye di, yo ... Ou te dwe fè l 'jan yo di fè l la.

138 Bon, ki sa l ye? Se pa anyen lòt nan mond lan ke pwostitisyon espiyèl, move sòt fanm nan; wi, mesye, kredo, kredo mansonjè ,fabrike. Alòs, li te vin, lè l te fè sa ... Koulye a, mwen pral pwouve sa. Li te vin tounen yon pwostitiye, pou Bondye. Èske w kwè Bib la di sa? Wi mesye. Pitit fi l yo te fè menm bagay la.

139 Koulye a nan Apokalips 17, si w vle note l. Jan te antre nan Lespri Bondye a, "Li wè yon gran pwostitye chita sou ..." Epi nou te li l yè swa. Epi te gen sèt kolin yo, e egzakteman sa l te fè. Epi li te bay mond lan fònikasyon sal li yo. Eske se vre? "Epi tout wa ki sou latè te komèt fònikasyon avè l," tronpe, ak volè, ak manti, ak peye pou repantans epi-epi nevèn yo, ak tout lòt bagay yo.

140 Bon, sonje kounye a, li te gen pitit fi. Ebyen, si l te vin yon kò, e anba yon sistèm òganizasyonèl, Lè sa a, tout sistèm lan te nan erè. epi si Èv, nan dezobeyi Bondye, jete tout bagay nan lanmò, ki te anba l; e chak legliz ki òganize, voye tout bagay nan lanmò. Egzakteman. Tout bagay la fini. Sa a se egzakteman dapre Pawòl. Li Apokalips 17. Epi Bib la te di ke l ta "boule l ak dife, ak tout pitit li yo avè l'." Se vre. Sa vle di, chak sistèm òganizasyonèl pral boule, ak pwostitye a.

141 Koulye a, sa parèt plat, epi m-m konnen ou pral tande pale de li, epi m-m vle tande pale de li. Apre sa, m-m ... Se sa, menm si. Bib la te di sa, se sa k fè l jis.

142 Li te vin yon "pwostitye." Ou ka li l nan Apokalips, chapit 17. Limenm, kisa l te fè? Li te komèt fònikasyon, kont pwòp mari l. "dakò," ou di, "non, se Bib la." Pawòl la se Bondye. Epi si w pran yon sèl bagay ...

143 Èske w t ap dakò pou madanm ou ap bo yon lòt moun? Menm si l pat fè plis ke sa, ou patap renmen l fè l. Sa t ap pwouve enfidelite li.

144 "Nenpòt moun ki va retire yon Mo ladan L, oswa ajoute yon Mo ladan L." Alelouya! Kris vle Madanm Li rete pi ak Pawòl la. [Frè Branham frape kat fwa sou chè a--Editè a] Se konsa L dwe ye.

145 Paske, anyen, pa menm on vigil, ou on ti trè, ou kwakseswa, oubyen on yota, va soti nan lwa sa, oswa Liv sa, jiskaske Tout nèt fin akonpli. Jezi di, “syèl la ak tè a toulède va pase, men Pawòl Mwen pap janm pase.”

146 Piga w mete okenn entèpretasyon pèsonèl ladan L. Li vle yon relasyon pi, ki pap varye, pa menm on ti pale. M patap dakò pou madanm mwen t ap pale ansanm ak yon lòt gason. Lè w soti ap tandè tout sòt de rezonman, ki depase Sa, w ap tandè, w ap pale ak Satan. Amèn! Èske sa pa fè w santi ou wenn la? [kongregasyon an di, “Amèn.”--Editè a] Bondye vle w rete . Rete jis la ak Pawòl sa. Rete. Rete jis avè L. Dakò.

147 Bondye pwomèt li, jan L te fè l pou Èv la nan jaden Edenn lan, rive jiska dènye Èv sa isit la. Ki se, legliz pannkotis, kòmansman legliz, legliz limenm, li se manman tout moun k ap viv, paske se sa, toutotan yo pral ladan l. Men, ou wè, lè yo te pran peche pa l yo, yo te mouri avè l.

148 Men on ti zanmi ki t ap avanse. Li te di, “Mwen--mwen vle sèvi Bondye.”

149 Yo te di, “Ebyen, men sa pou w fè. Desann la epi repanti w.”

“Dakò, m pral fè l. Glwa pou Bondye!” Desann la, repanti w.

150 “Kounye a vin jwenn nou.” La, men ni. En-en. Ou wè? Se te fini. En! Se vre, te mouri la avè l. Ou wè? Ou wè? Se jis...Se sa ke Liv sa ap anseye, ou wè, pa sa m ap di. Paske, Li di l La. Dakò.

151 Bon, Bondye te fè l pwomès, jan l te fè l pou Èv la. Li te di Èv yon tan va vini kote Pawòl la--la va retounen vin jwenn li ankò. Kounye a ou sonje sa? Sa li te pèdi a, ta pral restore. Paske, gen sèlman yon sèl Bagay ki kapab restore, se Pawòl la. Egzakteman.

152 Mwen te di, tire yon kout fizi; si w pa atenn sib la, chache kote li te devye a. Ou dwe retounen la pou rekòmanse ankò. Ou wè?

153 E si w retounen dèyè, ou retounen a Nise. Se la pou w rekòmanse ankò, ou wè. Retounen dèyè, lwen òganizasyon yo, lwen tout bagay legliz sa. E nou va wè So sa yo jis pafètman.

154 Mwen te toujou ap mande m, tout vi m, poukisa m te tèlman kont sistèm òganizasyon yo. Pa kont moun yo, non. Moun yo jis tankou mwenmenm avè w, oswa nenpòt lòt moun lan. Men sistèm sa, sistèm denominasyon sa, se kounye a m wè l drèt la. M pat janm te konn sa jiska kounye a. E se vre.

155 Bondye te pwomèt Èv espiyèl la, menm bagay Li te pwomèt Èv natirèl la, ke Pawòl la va restore ankò pou li. Nan dènye jou yo Li va restore pou Legliz, pou Pawòl orijinal la ankò.

156 Kounye a obsève byen. Mwen--mwen vle w sèten kounye a. Bondye te pwomèt Èv, tan va rive kote Pawòl la va restore pa Semans li. Pawòl sa, Limenm, va vin Semans. E lè yo te ba l yon sibstiti, li te kenbe sibstiti sa. E lè Pawòl la te vin a limenm, kisa l te fè? “M pa vle l.” Sa te twò enb. Sa pat sanble l byen, pou li. Sa pat ase byen poli. “Yon etab? O la la! la la! Yon nonm konsa, pa menm fè yon jou lekòl? Ebyen, m pat kapab aksepte sa. Se pa pyès Mesi. Yon nonm k ap kite lòt moun ap mal mennen l konsa, apre sa pou ap rele l ‘Mesi’? Kite yo mete yon sak kouvri figi l, apre sa frape l nan tèt? Epi t ap rele tèt li Pwofèt, on vrè Pwofèt, ki te sisite?”

157 An reyalite, yo pat konn pwofèt yo. Jezi di sa. Li te di, “Si nou te konn pwofèt yo, nou t ap konnen m.” Se vre.

158 Bon remake. Men kan Pawòl la te vin jwenn li, fason, jis egzakteman fason Bondye te di Li t ap vini an; Li te anvizaje l yon lòt fason. M ap pale de epouz la, epouz Jwif la, epouz Ebrayik la. Ki te Èv, o kòmansman. Apre sa kan Sa te soti deyò la, li pat vle L. Li te rete ak sibstiti l yo.

159, Bondye te pwomèt Èv espiyèl la, jou Pannkot la, li te menm di l anvan sa te rive, katsanzan anvan legliz te janm tonbe, ke yo ta pral tonbe nan apostazi, e ke yo ta pral fè sa yo te fè a. Men, Li te pwomèt, nan dènye jou yo Li ta pral voye Pawòl la ankò.

160 Jezi te pale menm bagay la lè Li te sou tè a; ke L ta pral voye L ankò. E sa se...Kisa Sa ta pral rankontre? Li ta pral fè fas a menm bagay ke L te rankontre lè L te vini premye fwa. Dakò. Yo te gen...Yo, yo te vle sibstiti pa yo. Yo vle denominasyon pa yo. Yo vle kredo pa yo. Yo vle viv jis jan yo vle l la. E yo vle, “Ebyen, m se *Entèl-entèl*. M fè pati de *Tèl-tèl*.” Sa pa fè okenn diferans nan sa Bondye ap fè, jan li manifeste Tèt Li; Li te ka resisite mò; Li te ka di sekrè nan kè; Li te ka fè tout bagay ke Bib la te di Li t ap fè. Sa pat fè on tikras diferans. “Si sa pa konekte ak òganizasyon mwen, pa gen anyen serye ladan L.” Ou wè?

161 Epouz Ebrayik sa te fè menm bagay la, se vre, ou wè, yo te koute sibstiti pa yo. E Bondye te pwomèt yo sa ki vrè a. E kan sa ki vrè a te vini, yo pat vle L. Sa te twò enb.

162 Bon se menm bagay la jodi a, kan--kan Sa parèt sou sèn lan. Kounye a, Bondye te di, nan Malachi 4, Li ta pral voye Mesaj la nan dènye jou yo, ki va restore. Jowèl di, “Mwen va restore tout ane yo.” Tout sa Wòm te manje, e tout sa Metodis yo te manje, e tout sa Batis yo te manje, soti nan branch Pannkotis orijinal sa, Bondye te di, “Mwen va restore nan dènye jou yo.” Se vre.

163 E Li ka voye pou nou yon tèl moun ki va...Sèl moun ke Bondye te janm voye Pawòl Li bay se te yon pwofèt, pa refòmatè yo; pwofèt yo. Se pat lè pou sa. Kounye a se...sa se lè a ki kòmanse, e se poutèt sa n ap siveye vini l. Sa va tèlman enb epi janti! E kifè...O, la la!

164 Ou panse Metodis, Batis aristokrat ak Prezbiteryen, Pannkotis sa yo, pral janm resevwa l?

“O,” ou va di, “Pannkotis?”

165 Pannkotis yo se Lawodiseyen yo. “Rich, epi pa bezwen anyen.”

166 Sa te di, “Ou pa konnen ke ou pòv.” Ou kapab ap bati bilding ki koute dè milyon de dola, men ou toujou pòv, povrete espiyèl.

“O,” ou di, “Mwen wè L aklè.”

“Ou avèg!”

“Ebyen,” ou di, “benediksyon pou Bondye, mwen gen rad sou mwen.”

“Ou toutouni!”

Ebyen, mwen sur pou ti mesye nou yo. Nou gen seminè. Nou...”

167 “E ou pa konn sa.” Bon Sa se jis le kontrè. Bon, si Bib la di ke Legliz Lawodise va lan kondisyon sa...

168 E pa gen pèsonn sou tè a ki ka nye ke sa a se pa dènye aj la, Aj Legliz Lawodise a, oswa, setyèm aj legliz la. E, men ni, dezyèm de mil an ap fini l. Pa gen lòt aj legliz ankò. Se poutèt sa nou menm frè Lapli Dènye Sezon yo nou paka kòmanse yon lòt òganizasyon. Pa pral gen sa ankò. Se vre. Se lafen. Amèn. Paka gen aj legliz ankò. Se fini.

169 Men alò si mesaj pannkotis la te dènye mesaj la...Ki te, jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri, twa dènye mesaj yo, twa dènye aj legliz yo fòme Nesans lan okonplè.

170 Jis tankou lè yon fanm sou pwèn, ap bay nesans a yon bebe; premye bagay ki rive tout bon se dlo, pwochen an se san, pwochen an se lavi.

171 Kan yo te touye Jezi sou kwa a, matyè ki te soti de kò Li, pou bay nouvo...pou bay Nesans lan--lan. Yo te frape bò kòt Li, San ak dlo te soti, epi se te, “Nan men pa W Mwen remèt Espri Mwen.” Sa k te soti nan Kò L se te dlo, San, Espri.

172 Bon, Premye epit Jan 5:7 di nou apwopo de sa, “Gen twa ki temwaye nan Syèl la, Papa a, Pawòl la (ki se Kris,) e Sentespri a.” E twa sa yo dakò tankou yon sèl; yo pa youn, men yo dakò tankou yon sèl. E gen twa ki temwaye...Ou pito, “Yo se youn”. Mwen te vle di. Mwen fè yon erè la. “E twa ki temwaye sou tè a, se dlo, San, ak Lespri, e yo dakò tankou yon sèl.”

173 Ou ka sanktifye san w pa jistifye. E ou ka jistifye san w pa sanktifye. Ou ka sanktifye san w pa resevwa Sentespri a. Se sa egzakteman.

174 Disip yo, nan Jan 17:17, te sanktifye e yo te ba yo pouvwa pou chase demon, men malgretou yo pat gen Sentespri a. Ou wè? Sèten. Yo te dwe al tann la Pannkot, epi tann jiskaske Sentespri a te vini.

175 Se la Jida te montre koulè li. Ou wè kijan espri sa te fè chemen l atravè jistifikasyon, sanktifikasyon? Men kan sa te rive nan fen an, li te montre koulè l. Ou wè? Se vre.

176 Bon remake, kounye a, e men nou nan fen an. E Èv espiyèl la, jis antan ke nat-... menm jan Èv Ebrayik la te gen yon pwomès, epouz Ebrayik la te gen pwomès pou Pawòl la retounen. E epouz espiyèl la depi la Pannkot, kan li te tonbe a Nise, alò yo te fè l pwomès nan dènye jou yo ke Pawòl la pral retounen ankò. Kounye a ou di, konsa...

177 Ou vle yon lòt Ekriti, pran l la, Apokalips 10. E li di, “Nan moman, tan dènye--dènye anj lan, setyèm anj lan (setyèm mesaje a) kòmanse sonnen, mistè Bondye a ap akonpli.” Ou wè? Restorasyon pou retounen nan Pawòl la! Bib la di ke mesaje dènye jou sa va la pou, “Restore nan plas li Fwa orijinal la ankò, retounen nan Fwa papa yo.” Men èske w panse yo resevwa L? Non, mesye. “Dènye jou yo, Li va restore Pawòl orijinal la ankò,” jan L te di nan Malachi 4 la.

178 Men li te renonse. Bon, li te renonse a Pawòl sa a Nise. Èv te renonse an Edenn; Èv te rejte chans pa l la sou kalvè a. E gwoup Nise a ap rejte Sa nan dènye jou yo, jis menm bagay la. O la la!

179 Men kan Pawòl la te vini nan lachè imen, limenm, Èv, legliz Ebrayik la, manman tout sa ki t ap viv espiyèlman a lepòk, li te rejte L. Li te si tèlman mouri, nan tradisyon ak dògm li yo, ke li te manke L. Menm bagay la ak sila, egzakteman. Dakò.

180 Yo rate L, Pawòl vivan an te manifeste nan lachè, pa Pawòl ki te pwomèt la. Pawòl la te pwomèt pou fè bagay sa yo. Pwomès la te fèt, ke sa ta pral tankou sa a nan dènye jou yo. “Menm jan sa te ye nan tan Sodòm lan, se konsa sa va ye lè Vini Fis de lòm lan.” Bon obsève sa k te rive nan Sodòm. “Menm jan sa te ye nan tan Noye a, se konsa sa va ye lè vini Fis de lòm lan.” Ou wè? Obsève sa k te rive lè sa. Ou wè? Bon, Li di sa va menm bagay la, e n ap

viv nan jou sa. Ebyen, petèt se ka sa, mwen kwè, m te ka pran sisan pwomès tankou sa yo, nan Lèzekriti, jis an referans a sa. Ou wè? Bon, men yo rejte L.

181 Li akwoche a tradisyon e sibstiti, olye de--de...Li akwoche a sibstiti san an, olye de vrè San an. Jezi, Pawòl la, te di, lè Sa te manifeste pou li, "Poutèt li te akwoche a tradisyon sa yo..." Jezi, Pawòl manifeste a, te di lepouz, epouz Ebrayik la, "Poutèt ou te akwoche a tradisyon w yo, ou te rann Pawòl Bondye a san efè pou ou. Li paka gen efè."

182 Bon se poutèt sa jodi a, ke, revèy yo--yo ke nou te sipoze genyen, se revèy denominasyon. Nou pat gen yon vrè brasaj. Non, non, non. Non, mesye. Piga w panse nou te gen revèy. Nou pat genyen. O, yo te gen dè milyon e dè milyon e dè milyon manm legliz, men pa on revèy okenn kote. Non. Non.

183 Epouz la--la poko gen yon revèy ankò. Ou wè? Pa gen okenn revèy la, okenn manifestasyon Bondye pou brase Epouz la jiska prezan. Ou wè? Nou atann nou a sa kounye a. Sa va pran sèt Tonè enkoni sa yo laba, pou reveye L a nouvo, ou wè. Ya. Li va voye I. Li te pwomèt li. Kounye a obsève.

184 Bon, li te--li te mouri. Kounye a si legliz yo te ka bliye kredo pa yo, bliye dògm pa yo, epi jis pran Bib la, reklame pwomès la, alò sa ta retounen fè efè pou yo. Men, ou wè, Jezi di, "Noumenm, ak tradisyon nou yo, nou rann Pawòl Bondye a san efè pou nou." Ebyen, se menm bagay la jodi a avèk Èv espiyèl la, ou wè, epouz espiyèl jodi a, swadizan, legliz. Li pran Pawòl Bondye a, men li pap aksepte L. Olye sa, li aksepte dògm. Poutèt sa, Pawòl la pa fè efè sou li, ou wè, poutèt I ap eseye enjekte kredo pa I nan Pawòl la, e sa pap mache. Bon, sa nou bezwen jodi a...

185 Mwen jis kontinye ap li piblikasyon sa a la, *Anons Vini Li*, gran tit yo ki di, "Nou bezwen yon pwofèt retounen! Nou bezwen yon pwofèt retounen!" E mwen kwè, kan li va retounen, yo pap konn anyen sou sa. Jis...Se vre. Sa te toujou fèt fason sa, ou wè. "Nou bezwen sa," tout bagay w ap pale de yo a, "nou bezwen yon pwofèt pou retounen, ki va pote Pawòl Seyè a, san krent. Nou kwè ke Bib la pwomèt sa."

186 Bon, mwen konn, editè a, Frè--Frè Moore ak lòt yo, mwen manje lakay li, epi tout lòt bagay. Li se nonm ki pi janti ki--ki ap mache ak pridans, mwen kwè, youn nan zanmi ki pi janti. Men, ou wè, li konnen ke nou oblije gen sa. Epi Sè Moore, youn nan fanm ki pi janti, on ti...podyab ti zanmi sa, epi sakrifis yo.

187 E se youn nan meyè jounal nan chan an, dapre mwen, se *Anons Vini Li An*. Men ou jwenn, yo kontinye ap kritike deklarasyon sa, "Nou bezwen yon pwofèt! Nou bezwen yon pwofèt!" Ou wè? O la la! Se jis de sa y ap pale.

188 E alò men nou, jodi a, e menm jan ak yè e jodi a, n ap anonse nan radyo, ke... e legliz Batis yo elatriye, ke “Nou pa dwe swiv Katolik yo, men nou on jan ap fratènize avèk yo.” Ou wè?

189 E jis isit la, Mesaj la ap soti depi isit la pou di, “Rete lwen pwazon sa!” Ou wè? Ou wè? “Kijan de moun fè ap mache ansanm si yo pa dakò?” Limyè ak tenèb pakab fratènize ansanm. Kan Limyè antre, tenèb al fè wout li. Ou wè? Sa pakab...Sa ki pi pwisan! Ou paka mete Limyè deyò, avèk tenèb. Men ou ka mete tenèb deyò, avèk Limyè. Se vre. E Li se Limyè a, e Li se Pawòl la. Ou wè? Bon, men ni, retounen dirèkteman. Ou paka fè L manti oswa fè sa k pa sa. Li va retounen dirèkteman kote l te ye a ankò. Wi, mesye.

190 Se jis tankou yon endividi ki ta kòmanse, ap eseye, diskite avè w; si w konn kote pou w kanpe, ou konn sa l kwè.

191 Se jis tankou w pran yon lapen epi ou lage l nan yon anklo, ou te bouche tout ti twou. Jis kanpe nan pòt la; li oblije retounen. Se sa tout istwa a. Ou ansèkle l pou fèmen l anndan. Ou wè? Li oblije retounen vin nan pòt la ankò, paske se sèl fason l genyen pou l soti. Li va frape tèt li la, epi prèske kase kou l; epi al *laba*, bò *isit la*. Jis kanpe ap obsève l, e li va jis retounen. Ou wè? Se tou.

192 Sa se sèl fason pou fè l. Rete ak Pawòl sa. Ou pakab ap tire sou tout bagay toupatou, ak kredo w yo, jis ap kase kou w tout kote, men ou dwe jis retounen deyò nan Pawòl sa. Ou wè? Wi, mesye. Se tout Bagay la.

193 Bon, ou wè, yo--yo--yo--yo pa vle Sa. Yo pa vle Pawòl Bondye a. Paske li te akwoche a tradisyon l yo, li te rann Pawòl Bondye a san efè.

194 Menm bagay la kounye a, konsènan Èv esprityèl la. Li pa vle...Li vle gade tradisyon l yo, epi elwaye l de Pawòl la. Li akwoche ankò a denominasyon, ak kredo epi tradisyon ansyen pa yo a, olye pou l pran Pawòl Bondye a.

195 E kan pwomès Pawòl la, nan dènye jou yo, va vin a limenm, li pap resevwa L, akòz de, tradisyon l yo, tankou epouz Ebrayik la te fè l la. Vrè Pawòl la, menm si L te manifeste, pwouve, konfime, li pap resevwa L. Poukisa li pap fè l? Paske gen yon tip li. Li paka fè l. Se vre. Li paka fè kontrè a tip li a. Ou wè? E sa te predi ke li va fè sa, kifè kijan w pral anpeche fè kwakseswa?

196 Kounye a sèl bagay pou w fè se jis rejwi poutèt ou ladan l. Se tou. Ret tann li. Dakò.

197 Bondye te pwomèt, nan dènye jou yo, ke Li ta pral manifeste epi konfime Pawòl pa L la pou li, e malgre sa li pa t ap fè l. Tou sa, Bondye te pwomèt li, pa sèvitè Li yo, pwofèt yo. Bondye te pwomèt, atravè Jezikri. Bondye te pwomèt, atravè Jowèl. Bondye te pwomèt,

atravè Pòl. Bondye te pwomèt, atravè Malachi. Jan...Bondye te pwomèt, atravè Jan revelatè a, tout pwofèt sa yo, jis egzakteman sa ke dènye Mesaj la t ap ye pou li. Bon, si w vle make yo; natirèlman, yo tout konnen yo: Jezi, Jan 14:12; ak Jowèl, Jowèl 2:38; Pòl, 2 Timote 3; Malachi, chapit 4; epi Jan revelatè a, Apokalips 10, disèt, en a disèt. Ou wè, egzakteman sa ki te dwe rive kounye a! E, pou legliz, kisa Sa ye? Pawòl enkanne a ki te fè L chè nan mitan pèp Li ankò! Ou wè? E yo jis pa kwè Sa.

198 Ou konn kisa Jezi te di kan L te wè Li...kan Li te fè mirak sa yo devan yo, pou pwouve L te Bondye? Li te pwouve sa, pa sa Li t ap fè yo. Li te sa. Li te fè sa egzakteman. Li--Li te di yo, Li te di, "O, oumenm Kapènwòm, ki egzalte w jouk nan syèl, si zèv ki te fèt...te fèt nan mitan w, zèv pwisan sa yo te fèt nan Sodòm, li t ap egziste jounen jodi a." Se vre. E nan Kapènwòm, Li pat janm fè anyen lòt ke geri kèk moun, epi di yo sekre ki nan kè yo, e al fè wout Li. En-en. Se tou. Ou wè?

199 Yo pa konn kisa zèv pwisan ye. Yo panse ke sa dwe yon gwo tonton pwogram kote tout moun leve, epi jij la fè on diskou, epi--epi gwoup la jwe mizik, ak bann koulè k ap flote, e--e fanm byen abiye, ak...ap tann, ak tout gwo save ak Doktora, Diplòm Literati, ak gwo, chapo wo, kòlèt alanvè, ak tout bagay konsa, yo tout te oblije antre. "Sa se yon bagay ekstraòdinè."

Bondye di, "Sa se foli."

200 E Li mennen yon ti kichòy ki ka fè diferans, apèn, ant ABC petèt, epi akonpli yon bagay ki jis ka fè Legliz pran dife. E lòt rès nan yo te di, "Se yon bann sen eksite." Bondye rele Sa "gran" e mond lan rele Sa "foli." Mond lan rele sa "gran," e Bondye rele sa "foli." Ou wè, jis le kontrè. Ou wè? E bagay Bondye pwomèt, Bondye va fè l e Li te fè l. Ou wè? Men ni.

201 Bon, malgre sa, li rete jan Èv Ebrayik la, te fè a. Li jis pat vle fè l. Ou kapab resisite mò; ou kapab wè Lespri Bondye. Jezi te vini, te konfime Tèt Li kòm Fis de Dye. Dabò, Li te kòmanse preche. Yo te panse, ebyen, "Ebyen, se on jan de vye endividi biza. Kilès Li ye, de tout fason?" Ebyen, premye sa w aprann, moun yo kòmanse di...

202 Natirèlman, yo te di, anvan, kan prekisè L la, Jan, te vini, yo te di, "Èske w se Mesi a?"

203 Li te reponn, "Non. Men Li nan mitan nou kèkpa." En-en. Ou wè? Poukisa? Li te konnen, lè mesaj li a te rive, sa l te dwe fè. Li te konnen kisa li ta pral fè.

204 Jis menm jan Noye t ap obsève Enòk la. Kan Enòk te pati ale, Noye te di, "Se mye pou rete pwòch ach la. Tan an pwòch." Noye te kontinye ap siveye Enòk. Ou wè?

205 E Jan t ap siveye siy Jezi te ba li a, oswa Bondye te di l, pou siveye a. Li te di, "Li kanpe drèt la kounye a, kèkpa nan mitan nou. Mwen pa konnen L, men m ap konnen L."



206 Yo te reponn, Li kanpe la, “Èske se pa ou ki Mesi a?” Yo te di, “Se katye jeneral la ki te voye nou.” En-en. Yo te di, “Ansyen yo, ak tout lòt yo, te voye nou anba la. Si w se Mesi a, poukisa w pa monte pou revele tèt ou anwo a la, pa anba a, pami bann bagay sa yo anba la! Ou ta dwe monte la pou revele tèt ou.”

207 Li te di, “Mwen pa Mesi a.” Li te di, “Mwen se vwa youn k ap kriye nan dezè a.”

208 Sa te pase lwen anlè tèt yo pi plis posib. Yo pat konn anyen de sa, ou wè, e poutan yo tout t ap tann li vini. “Men sa pata ka yon nonm konsa. O, la la, sa t ap tèrib!”

“Nan ki lekòl ou soti?”

“Okenn.”

“Èske w gen kat manm ou?”

“Kisa sa ye?” Ou wè?

209 Bondye te wenn li. Li te di, “Mwen gen yon sèl bagay. Rach la ap frape rasin pyebwa.” Bon, se tou sa li--se tou sa li te genyen. Li te pale tankou yon bichwon, pa tankou yon manm klèje; vipè, ak rach, ak pyebwa, elatriye. Li--li pat pale tankou moun ki nan zafè legliz.

210 Men Jezi di pat janm te gen yon pwofèt tankou l. “Pat janm te gen yon nonm ki ne de yon fanm, tankou l, jiska jodi a.” Se vre. “Li te plis ke yon pwofèt.” Li te mesaje Alyans lan, li te kanpe drèt ant de dispansasyon yo--yo, ap antre. Ou wè? “Plis ke yon pwofèt.”

211 Kifè konsa--konsa yo pat konnen l. Yo pat konprann li. Li te on jan de vye endividi biza, kifè yo te rejte l, ou wè.

212 Apre sa lè Jezi te vini, alò, e se sur yo pata pral aksepte l, Ti Gason bòs chapant sa, pat gen anyen konsa, avèk yon move non l ap trennen dèyè l, yon “timoun ilejitim.” E, Limenm, yo pata pral aksepte yon Endividi konsa.

213 Men, gade sa Bondye te fè. Li te pran iletire, pòv, pechè pwason, bichwon, kiltivatè, ak pwostitiye, e Li te kite diyitè yo chita la. Poukisa? Kisa? Pouki l te fè sa? Pouki l te fè yon tèl bagay? Èske w ka imajine w? Poutèt moun sa yo te rekonèt li se Pawòl la. Bon annou jis obsève yo jis on minit.

214 Men yon vye pechè pwason ki pa konn anyen, paka ekri non l. Bib la di li te sa “pa konn anyen epi inyoran.” Li jis te konn ale pou ekspoze l anba. Li te desann la pou wè sa ki t ap fè tout bwi sa yo. Men nan fon kè li, li te konnen ke Bib la te di te dwe gen yon bagay dapre Lèzekriti ki te pou rive kan li vini.

215 Te gen on bann mesi, ki te leve pou di, "Mwen se Li," e ki te kondwi yo an deyò wout la, pa santèn, e--e ki te peri ak lòt bagay ankò. Men, ou wè, se te pou diskredite Vre A lè L ap vini.

216 Nou te gen gwoup manto ak wòb Eli, ak tout lòt bagay, men sa--sa--sa--sa jis te diskredite vre bagay la lè l ap vini. Ou wè? Se vre. Tout sòt de moun ki te pote wòb ak rad, e ki te antere nan tout sòt de kagoul vire lanvè, ak tout lòt bagay. Sa pat...Sa--sa jis sèlman konfime. Se tankou yon fo dola, sa montre ke gen yon bon kèkpa, si w jis ka jwenn li. Ou wè?

217 Konsa la Li te vini. Bon diyitè sa yo te soti, e yo te tèlman akwoche a sibstiti pa yo! "Enben," yo te di, "bon, si Mesi a la, se sèten L ap prezante tèt li bay Kayif. Li va vin nan denominasyon nou an. Li va vin kay Farizyen yo." Sadiseyen yo, "Se sa w panse! Li va vin kay Sadiseyen yo." E men yo, ou wè, yo gen menm bagay la jodi a, kounye a.

218 Men lè L te vini, sa te etranj. Li va vini, o, trè kontrè a sa yo te panse, men Li te vini dapre Pawòl la. E yo pat konnen Pawòl la.

219 Kite m di sa, pou vrè, konsa ou va...sa va anfonse desann an pwofondè. Mwen vle w sezi sa. Sa se pwoblèm nou jodi a, ou wè, nou pa konn Pawòl la! Ou wè?

220 Jezi di, "Nou ka disène siy nan syèl la, men nou paka disène siy tan an."

Yo te di, "Nou gen Moyiz."

221 Kifè, Li te di, "Si nou te konn Moyiz, nou t ap konnen M." Yo pat konn Moyiz, e poutèt sa yo pat konnen. Yo te jis konnen on kredo ki te pèmèt eklozyon yo.

222 Bon ann swiv vye pechè pwason sa. Li te fikse panye l anba. Li te rale bab grizonnen l yo desann, epi li t ap mache desann, "Mwen kwè m va wè Kilès sa ye."

223 On frè te di, "Annou wè. Ann al anba la." Li te di, "Se menm Nonm lan. Se Nonm sa yo te pale de Li lòt jou a...Mwen te rete avè L tout nwit pase a. Nou konn Jan, ke m t ap pale nou de li a?"

224 "Ya, nonm sovaj sa anba la! Ya, m tande pale de li." "Ebyen," vye Simon, ou konnen, li te di, "m te tande pale de li anba la. Ya, m te desann anba la, sa fè de oubyen twa mwa, anba la. Wi."

225 "Li te di, ebyen...Epi yon jou li te kanpe la, li te di on bagay biza. Li te di, 'Ou konnen, men L ap vini kounye kounye a! Yo te mande l, 'Kouman w fè konnen?' Li te gade lòtbò a; jis yon Endividi òdinè te kanpe la. Li te di, 'mwen te wè Lespri Bondye, tankou yon kolonb, te desann. Mwen te tande yon Vwa ki di, "Se Limenm. Se Pitit cheri M lan ke sa fè M plezi pou M antre

viv nan Li.” Apre sa li te mache tou dwat nan dlo a pou l te batize L, elatriye. Ebyen, la, li te di ke li te konnen L.”

226 Simon te di, “O, m pa konnen.” “Mwen te tande tout bagay sa yo, anpil fwa.” Men men li ki te vini. Men nan pwofon kè li te gen yon semans predestine. Ou wè? Jezi te di sa. Dakò. Li te mache dwat sou Li. Li te avanse. Li te di, “M pral anba nan reyinyon an pou wè.” Li te mache al la.

227 Jezi te kanpe la, jis on ti Endividi òdinè. Li te avanse. Li te di, “Enben, non w se Simon. E non papa w se te Jonas.” Sa te ranvèse l. Poukisa? Ti semans Vi Etènèl sa te frape anndan la. Wi, mesye.

228 Li te di, “Tann on minit! Kouman sa? Ou pat janm wè m. Ou pa konn papa m non plis, paske sa fè dèzane li mouri. Men Ou vin la, pou di m sa? Bon, m konnen Bib la di...” Bon, sa se pa retounen sou sa ansyen yo di. “Men Bib la di ke Mesi a va on Pwofèt. Men L la. Se Li.”

229 Yon jou Li t ap pase atravè Samari, ap desann la avèk yon bann Jwif. Li te kite yo. E ti madanm ak movèz repitasyon sa te soti, petèt yon bèl ti dam, ou konnen. Li te retwouve l nan lari, antan yon timoun. E li t ap pase la. Petèt li t ap panse a yon bagay. Li te mache al la epi li te depoze bokit la atè. E li te kòmanse ap fè kòd pwi a desann, ou konnen, pou pran dlo. Li te tande yon Nonm di, “Pote dlo ban M bwè.” Li te gade toutotou, e la te gen on jan de Jwif aj mwayen ki te chita.

230 Li te di, “Èske W pa on Jwif? Ou pa sipoze fè sa. Se pa nan koutim lan pou W ap pale avè m. Mwen se on Samariten.”

231 Li te di, “Men si w te konn Kilès k ap pale avè w la, ou t ap pote...ou t ap mande M pou ba w dlo.”

232 Li te di, “Kote bokit Ou?” Ou wè? “Kote kòd Ou?”

“Enben,” Li te di, “Dlo M va ba ou a se Lavi.”

233 “Kisa” Ou wè? “Enben,” li te reponn, “enben, nou tout vle pou moun adore Jerizalèm. E papa nou te adore...”

234 “O,” Li di, “se vre, men,” Li di, “noumenm Jwif nou konnen kisa nou adore. Men,” Li di, “ou konnen, lè a rive kote--kote lèzòm pa pral adore a Jerizalèm oswa sou montay sa.” Li di, “Yo--yo pral adore Bondye an Espri, paske Li se Espri, an Espri e an Verite.” Ebyen, li te kòmanse ap etidye, ou konnen.

E Li di, “Al chache mari w epi vin isit la.”

Li te reponn, "Mari m? M pa gen okenn mari."

235 "Ebyen," Li di, "sa se laverite." Li di, Li di: "Sa fè senk ou pase deja, e ou gon sizyèm kounye a." Epi Li di: "Ou te gen senk. Epi--epi, oumenm, ou konnen. Ou di laverite."

236 Gade byen! Kisa k te pase? Limyè sa a te frape semans lan. Li te blayi la, Bondye te pwononse l. Wi, mesye.

237 Semans lan te sou tè a. Lè Bondye te ekate dlo a, epi solèy la te frape l, li te monte. Se vre. Ou wè? Se tout sa l te bezwen, se te solèy la. Li te jis bezwen limyè. Wi mesye.

238 Epi lè Sentespri a, nan Li, te ekate vi pase l, epi Li te montre l li, Limyè sa a te frape l. Li di: "Mesye, m remake W s on Pwofèt." Li di: "Kounye a, nou konnen, mwen konn sa, ke lè Mesi a vini, se sa L ap ye. E nou pa gen yon pwofèt depi plizyè santèn lane. Nou pa janm g on vrè pwofèt, depi plizyè santèn lane." Epi li di: "Pou jan W pale m de mari m, epi W di m konbyen m te genyen, e latriye. Franchman," li di, "m pa konprann sa." Li di: "Lè Mesi a vini, ebyen, Li pral fè sa. Men Kilès Ou ye?"

Li di: "Se Li mwen ye."

Se te regle. Ou wè? Yon pwostitye!

239 Epi sakrifikatè yo te gade ozalantou epi yo te di...Ebyen, yo dwe reponn bay kongregasyon yo a. Yo di: "Piga nou frekante kanmarad sa. Li--Li posede ak yon demon. Se tou." Bon, men diferans lan. Se menm bagay la jodi a. Ou wè? Menm bagay la jodi a, sa frape jis egzakteman. Wi. Wi, mesye.

240 Li, li te konn sa, paske Limyè a te frape L. Yo...Pechè yo, moun k ap koupe pyebwa yo, fèmeye yo, pèseptè taks yo, pwostitye yo, yo te wè nan Li sa senp Ekriti yo te di L t ap fè. E Farizyen yo pat kapab wè, akoz tradisyon yo [Frè Branham poze epi l fè yon jès yon fason. Kongregasyon an reponn afimativman--Editè a.] Yo pa kapab wè, akoz tradisyon yo. Men pwostitye a, fèmeye yo, ak tout lòt yo, yo te wè L, tout sa k te predestine yo. Lè dout yo te disparèt, semans lan te konmanse pouse. Se vre.

241 Kisa l te fè? Li te di: "Ebyen, m kontan te rankontre Mesi a"? O, non, frè. Li t al nan vil la tou drèt. Li te bliye dlo a. Li di: "Vin wè yon Nonm ki di m sa m fè. Èske se pa sa menm ke Lekriti di Mesi pral fè? Èske se pa sa egzakteman? E moun yo te ka wè menm bagay la.

242 Kòm Jezi di, nan Sen Jan 14:12, sa t ap rive ankò. Li di l tou nan Lik, lè Li te di: "Jan l te ye nan tan Noe a." Kouman Bondye te manifeste Limenm nan yon Nonm, epi L te di kiyès ki te dèyè L; epi sa Sarah te fè, ri nan tant lan. Epi tout Ekriti sa yo nan Malachi, e latriye, te predi

nan dènye jou yo. Ebre 4 di, lè “Pawòl la” va retounen. Malachi 4 di Li t ap retounen atravè yon nonm. Ebre 4 yo di: “Pawòl Bondye a disène panse ki nan kè a.”

243 E yo ka wè I te fèt, epi yo elwaye yo de li tou drèt. Tradisyon yo kache I epi rann li san efè. Ebyen, men jis kote nou ye. Se tou. En-en.

244 Ou konnen, Li te ka fè menm bagay la jodi a. Li te ka vin sou sèn lan epi pwodui menm bagay yo Li te konn fè nan epòk sa a, kòm Li te di L t ap fè. Ou wè? Li te pwomèt pou L fè I. Li te pwomèt pou L fè I. E si Li t ap fè menm bagay la, mesaj Laj Lawodise a sipoze fè I.

245 E si legliz Lawodise a wè I fèt, yo pral fè jis egzakteman menm jan legliz Ebre a te fè nan konmansman an. Em-em. Kèlkeswa bèl fason ke L te konfime, o, yo t ap fè I, kanmenm. O, la la!

246 Bon, Li di ke sa t ap fèt. Nou ta retounen a Pawòl orijinèl la, epi manifeste jan sa te pwomèt, pou restore Lafawa ankò, Lafwa orijinèl, ankò. E si Li devwale Tèt Li pou fè konnen ke Li demere nan nitan pèp Li, antan L ap fè bagay sa yo; Li te ka menm kite yo pran foto L, pwouve li syantifikman. E yo toujou pa kwè I. E Li pwouve, pèmèt ke je mekanik kamera a pran L ki kanpe la, men Kolòn Dife sa a, menm lan ayè, jodi a, ak pou toutan, Ebre 13:8, pou montre ke se syantifik, e tout lòt fason, syantifikman nan domèn esprityèl. Nan tout fason sa-sa te ka konfime, sa te konfime.

247 E, ou konnen, yo ta petèt fè menm bagay la. Yo ta petèt jis elwaye yo kareman epi fè menm sa yo te fè a.

248 O, ke Bondye ede nou! O! n ap jis rete isi a. Men, ke Bondye ede nou wè kounye a, se priyè mwen, alòske n ap avanse kounye a. Paske, m pa vle gade nou two ta. Ke Bondye ede nou pou n wè. M kwè petèt, antan Lespri a sou nou, se t ap kounye a menm ke Li ta ede nou pou revele, louvri So sa a.

249 Annou li. Kòm nou wè nan ki eta legliz la ye, nou wè ki kote I te ye, nou wè kisa yo te fè, nou wè ki kote li te sipoze rive, nou wè li la, epi nou wè kisa yo te sipoze fè. Yo te annik fè sa. Kounye a nou wè ki kote nou ye. Se nou ki pou jije. M pa ka jije. M jis responsab pou m pote Pawòl sa a. Jis jan L te bay a mwenmenm, m ka pote L. Amwens ke Li bay a mwenmenm, m pa ka pote L; pèsòn lòt moun ka fè I.

*E lè li te louvri twazyèm so a, mwen*

*te tande twazyèm èt vivan an di: Vin wè.*

*E mwen te gade, epi mwen te wè yon*

*chwal nwa; e sila ki te chita sou li a*

*te gen yon balans nan men li.*

*Epi mwen te tande nan mitan kat èt vivan yo*

*yon vwa ki di: Yon mezi ble pou yon denye*

*e twa mezi lòj pou yon denye; men pa manyen*

*ni lwil la ak...diven an.*

250 Bon, Ayo a gen liv la nan men L, pou louvri So yo. Li fin brize premye a, dezyèm lan, e kounye a L ap brize twazyèm lan. E antan L ap brize I, Ayo a brize I, Twazyèm So a, twazyèm Èt vivan an...

251 Bon konbyen ki konnen kisa twazyèm Èt vivan an te sanble? Li te sanble ak yon nonm. Premye a te sanble ak yon lyon; lòt la te sanble ak yon vo, oswa yon bèf; epi twazyèm lan te sanble ak yon nonm, se te yon nonm. E li te tande Kreyati vivan an--an, Bèt la--la. Kreyati vivan an, ki sanble ak yon nonm lan, te di Jan: "Vin wè kisa Sa ye, mistè sa a ki te kache a." Pandan tout tan redanmsyon an, depi fondasyon mond lan, Li te kache anba So sa a, kisa k pral rive. Kounye a: "Vin gade kisa L ye."

252 Epi alò Li louvri Li. Yon tonè gronde, epi Ayo a louvri So yo.

253 Kounye a, e Jan te avanse, pou wè kisa Sa te ka ye. Kisa L te wè? Li te wè yon chwal nwa. Epi kavalye I la te gen yon balans, oswa yon balans ki gen plato, nan men li. Bon, sa se premye bagay li te wè. Lè Ayo a te anonse Sa, te brize So a, alò lòt Èt vivan an...Ou wè, Èt vivan sa yo ap fè tou pa yo, konsènan anons yo: "Vin wè." Epi Jan, kote li te kanpe a, petèt *konsa*, li te mache vini isi a, lè Ayo a te louvri, epi li te mache vini. Dabitid...

254 Tonè a te gronde, kòm nou te wè Premye So a. Epi li te gade pou wè kisa k pase. Epi li te wè yon nonm ki vini, an premye, sou yon chwal blan. Li te gade I ki t ap kouri. Epi antan I ap desann, Jan wè I jouk nan fen li. Li wè I ap desann, chwal blan li a, li te gen yon banza nan men li, e kavalye a--a genyen, e li pa gen flèch avè I. E pwochen bagay li wè, li gen yon kouwòn, li kontinye wout li jouk lafen.

255 Epi nou dekouvri, alò, Ayo a vini isit la ankò, Li louvri yon lòt. Epi li gade. Kounye a men yon--yon chwal wouj. Nonm sa a gen yon népé nan men I. Li galope tou drèt atravè Lekriti, ou wè, ak nepe sa a nan men I, epi li te dwe touye epi anlve lapè sou latè.

256 Kounye a Ayo a louvri yon lòt So. Yon lòt nan Kreyati vivan yo, ki sanble ak yon nonm, di: “Vin wè.” Kounye a li leve, ou wè, kisa sa ye. E lè li fè sa, men yon kavalye sou yon chwal nwa.

257 Bon, yè swa, nou wè menm kavalye ki t ap kouri sou chwal blan an se te menm lan ki te sou chwal wouj la.

258 Epi Vwa a di: “Nan mitan Èt vivan yo, te rele, ou wè. La, li te avanse pou wè kisa l te ye: Li te nan Kreyati vivan yo. E li te wè chwal nwa sa a.

*E lè...vwa a ki te nan mitan kat èt vivan yo te*

*kriye: Yon mezi ble pou yon denye, e--e twa*

*mezi lòj pou yon denye; men pa manyen lwil*

*la--la ak diven an. (ou wè?)*

259 Kavalye sa a, ann fon diskite sou li. Si w remake premye kavalye a, kilès li te ye. E nou te wè, yè swa, dapre Lekriti, ke dezyèm kavalye a te egzakteman menm moun lan, sèl bagay li te sou yon lòt chwal. Kisa k te rive? Li te chanje ministè. Ou wè? Dakò. Nou te wè li te yon antikris, e li te chanje pozisyon.

260 Nou wè ke lè li te jis, dabò, yon chwal blan, li vin yon doktrin. Bon, nou te pran tout bagay sa yo nan Lèzekriti. Ou wè?

261 Kounye a, gade kote nou rive, aswè a, lòt laj legliz sa a kounye a. Ou wè? N ap desann vin nan twazyèm laj legliz la kounye a. Ou wè? Jis egzakteman nan twazyèm laj legliz la, li koresponn egzakteman ak twazyèm chwal la. Ou wè?

262 Kounye a, premye laj legliz la, kisa l te ye? Nikolayit yo te gon doktrin, ou wè, jis premye a. Trè byen. Epi, premye bagay nou konnen, doktrin Nikolayit sa a, li vin sanksyone epi li te kòrèk, li te antre an aksyon. Epi yo te kouwonnen kanmarad sa a. Alò, lespri sa a, antikris, vin enkane nan yon nonm. Ou wè? Epi nou vin dekouvri, pita, li vin yon dyab enkane, tou; demon an te pati, epi dyab la antre.

263 E jis jan legliz sa a te nan kalite sa a, legliz antikris la, ap pwogrese; se konsa Lepouz la vini ak diferan bagay; atravè jistikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a, epi bouje pou pi devan, ou wè, jis konsa. Sèl bagay, yo gen revèy yo anvan, e Legliz la gen pal la an dènye. Premye twazan yo a...premye twa zetap yo k al dirije yo nan laj tenèb la; ansuit twazyèm, twa zetap yo Legliz la soti; depi nan jistikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a, nan Bondye enkane ki manifeste pami nou. Men li ki vini, kòm antikris la, kòm fo pwofèt la, epi bèt la, epi

nan laj tenèb la. E, Legliz la soti nan laj tenèb sa a; jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a, Pawòl enkané a, fason li ye kounye a. Epi li desann. En-en. Ou wè sa? Li desann. Legliz la monte. Ou wè? Li jis osi pafè ke li kapab. O, ala bèl. Mwen renmen l senpleman.

264 Kavalye sa a se menm lan, men nan yon lòt etap nan ministè l.

265 Premye etap la, yon chwal blan, ou wè, li te jis yon anseyan, jis yon anseyan antikris. Li te kont Pawòl Bondye a.

266 E kounye a ki jan w ka fè yon antikris? Nenpòt moun ki renye ke tout Pawòl nan sa a se pa laverite, epi yo anseye l jis menm jan an, se yon antikris, paske li renye Pawòl la--la--la--la--la. E Li se Pawòl la.

267 Kounye a, premye etap la, chwal blan, li te jis yon anseyan, men yon lespri antikris nan doktrin li ak kalite li. Li te inosan. Li pat kapab fè pèsòn mal, pou jan l te parèt; li jis kontinye wout li. Se konsa Satan antre. O, li se yon zwazo malen.

268 Li te di Èv, li di: “Bon, ou konnen w ap chache sajès. Ou pa konn sa k bon sa k mal.” Li di: “Bon, si je w yo te louvri, ou t ap konnen kichòy.” E l te di: “Fwi a trè agreyab. Li bon. Li--li agreyab nan je. Ou ta dwe pran l kounye a. Ou pa konn si se sa, ou non, se vre?”

“Non, Mwen pa konnen. Men Bondye di pou pa fè l.”

“Men, o, ebyen, m konnen, men...”

“Bondye di Li...Li ta mouri.”

269 Li di: “Se sèten Li p ap fè sa.” Ou wè, jis osi dous ke li te kapab ye. Gade kisa l te fè.

270 Gade lespri antikris sa a ki leve nan mitan legliz primitiv la, yon doktrin Nikolayit. *Nikao*, “konkeri” layik yo, mete yon nonm ki sen. O, se jis jan... “Ebyen, nou jis bezwen fratènize. Franchman, nou epapiye isit la; pèsonn pa konn kot pèsonn ye. M panse nou tout ta dwe gen yon òganizasyon epi pou nou ka diferan. Ou wè, nou pral, met tèt nou ansanm. Nou ta dwe fè yon lòj avèk sa.” E se sa l ye. Pa gen yon tèl bagay tankou Legliz Kreyèn Methodis. Sa se pa yon Legliz; se yon lòj. Batis, sa se pa yon Legliz; se yon lòj.

271 Gen yon sèl Legliz, e se Kò mistik Jezikri a. E ou ne Ladann, se vre, pa predestinasyon. Se vre. “Tout sa Papa a ban Mwen ap vini. Pèsonn pa ka vini si Papa a pa rele l. E tout sa Li ban Mwen, ap vin jwenn Mwen.” Alò, sa, se sa. Li jis...

272 Ayo a chita laba, ap fè--ap fè entèsesyon, jouk dènye sila va antre. Ti klòch la sonnen, epi Li avanse pou l pran posesyon l alò, ou wè, se tou; Li mennen Legliz Li lakay, Sijè l yo.



Epi Li jete lenmi Li an nan Lak Dife a, e tout sijè l yo prale avè l ladann, epi se fini. Alò nou va antre nan Milenyòm lan.

273 Menm kavalye a, kounye a. Premye etap sa a, li te inosan. E dezyèm etap la, si w te ale yon ti kras pi wo, yon ti kras pi plis ke sa; dezyèm etap la, Bib la di yo ta “ba l yon kouwòn.” E yo te kouwonnen yon nonm, yon sipè òm. Ou wè, yo te kouwonnen ! E, alò, Bib la pat rele l yon pap. Bib la te rele l yon “fo pwofèt.” Poukisa? Wi. Natirèlman, li dwe yon fo pwofèt, ak lespri antikris li a, antikris sa a te anseye kont Pawòl orijinèl la. Paske, si l te anseye kont Pawòl orijinèl la, li te antikris. Se sa li te ye. E Pawòl la se Bondye, ou wè, Kris. Dakò. Kounye a, apre sa, nou wè li te kouwonnen alò. E lè li te fin kouwonnen, kounye a, li inosan epi li san èd. Li se jis yon ti kanmarad.

274 Men alò nan Konsil Nise a, li te etabli, e Konstanten te ba li tout kalite byen. Epi kisa l te fè? Alò li, ou wè, Satan, ba li twòn li ak otorite l. Bib la di sa, nou te pase sou sa.

275 Bon, pwochen bagay nou vin jwenn, se ke dyab la kontwole tout politik ki deja etabli oswa ki pral etabli. Nou jwenn sa nan Matye 4:11. E kounye a, nou wè, alò, ke Satan deja posede politik yo.

276 Men l ap eseye posede Legliz, alò li desann pou l sedwi l. Li gen sipè òm li an, fòmè l nan yon òganizasyon, epi kouwonnen l “vikè,” ou wè, yon kris. Kris te aji nan plas Bondye. Ou wè, nèg sa a se yon vikè, ki ranplase Bondye. Ou wè? Jis menm bagay la, “ki ranplase Bondye,” se sa li sipoze ye, yon vikè Kris.

277 Bon, kounye a, lè l te fè sa, alò kisa l te fè lè sa a? Li, Satan, te pran pouvwa politik li a, ke li te deja posede, epi li te pran pouvwa relijye a, paske li te deja kouwonnen, epi li te mete yo ansanm.

278 Epi li te ba li yon lòt kouwòn, pouvwa sou lanfè. Epi tout sa yo ki te mouri, si yo te peye ase lajan, li ta fè yo soti. Ou wè? Alò kounye a li--li se vikè nan Syèl la, nan pigatwa, jan l vle rele l. Pa gen yon tèl bagay nan Bib la, ou wè, men fòk li te fè yon bagay. Bib la di li soti nan bafon labim, epi l ap retounen ladann menm jan an. E, sou latè, li se yon chèf!

279 Bon kisa yo te ba li alò? An premye, li te gen yon banza, men li pat gen okenn flèch. Men kounye a li gen yon nepe pwisan nan men l. Li ka fè yon bagay kounye a. Alò li soti sou chwal blan li a; chwal blan an galope l al fè wout li. Kounye a sou ki chwal l ap kouri? Yon chwal wouj, yon chwal koulè san wouj san. Li reyèlman ap kouri sou sa. O, sèten. Kounye a yo ba li yon gran pouvwa ak yon gran nepe, pou touye, kifè li monte sou chwal wouj san li an.

280 Nou wè, apati Dezyèm So a, ki te brize yè swa, li te anlve lapè sou latè epi yo te touye youn lòt. Epi pwòp liv legliz Katolik Women, sou mati yo, montre ke yo te touye swasant uit milyon Pwotestan, depi nan tan Sen Hippo...apre Sen Augisten Hippo, jouk nan lane mil senksan katreven ak yon rès dèyè l. "Swasant uit milyon." Liv *Gran Refòm Schmucker's la*, si w vle li l, *Gloriye Refòm*, pito, ou wè. Bon, swasant uit milyon ki te rapòte nan liv sou mati yo! Lè youn nan swadizan sen li yo te gen revelasyon ke nenpòt moun ki pa dakò ak legliz Womèn lan dwe mouri kòm yon eretik, sa te jis fikse yo alò. Gason, li te mache al simaye san! Li--li te monte sou ch- blan l lan..., oswa, chwal wouj li a, epi li te pran kouri. O!

281 Kounye a gran pouvwa li a vini. Yo te fè l vin vikè Syèl la, e yo te adore l kòm Bondye. Chèf sou latè, lè yo ini legliz ak leta ansanm, yo te fè l chèf sou latè; yo te ba li yon kouwòn pou l domine sou sa. Li te ka priye pou fè nanm yo soti nan pigatwa. Li te ka tou entèse...Li te jis tankou Bondye, sou latè, nan plas Bondye. Ansanm, li te gen gran pouvwa pou l touye nenpòt moun ki pat dakò ak kòmandman l. Kiyès ki te pral di l kwakseswa? Legliz la pa ka di anyen; se li ki alatèt li. Leta pa ka di anyen; se li ki alatèt li. Alò, yo te mouri pa milyon. Tout ti legliz yo, frè, yo te demoli yo, epi yo te touye yo epi asasine yo, epi yo te sèvi nouriti pou lyon yo, ak tout lòt bagay. Ou wè? "Dragon an," Wòm, "te ba l twòn li ak otorite l." Bib la di sa. Ou wè? Alò li te kouri sou tip li a, chwal wouj la nan san imen, jouk li vini yon chwal wouj.

282 Kounye a Jan wè l sou yon chwal nwa. Li chanje, nan yon lòt bagay.

283 Kounye a mwen gen pou--pou di sa jis fason li vini a mwenmenm. E si li vin a mwenmenm epi li pa koresponn avèk Lèzekriti, alò li pa vin de Bondye. Ou wè, Lèzekriti dwe apiye l, yo chak, se jis yon gran gwo--gwo bagay konsa. Lekriti dwe an amoni ak Lekriti. E nenpòt bagay ki kontrè ak Lekriti...Si Lanj Seyè sa a ta di m nenpòt bagay ki pa selon Lekriti, mwen pa t ap kwè l. Ou wè?

284 Mwen te di, la nan Chicago lòt jou, lè tout santèn minis sa yo...Èske gon moun la ki te nan reyinyon sa a? Sèten. Reyinyon sa a nan Chicago, mwen te di: "Bon, nou tout ap pale de sa nou genyen...Nou panse nou t ap pyeje m isi a, sou yon bagay." Apeprè jan l ye nan sal sa a kounye a. Mwen di: "Kisa sa ye? Nou gen sa kont mwen." Mwen di: "Sentespri a te montre m sa, twa nwit de sa, kote nou chak ta pral ye. Epi nou pa t ap nan sa a...Mande Karl isit la si se pa vre."

285 Epi Hank te la ak yo tout, "Se vre." Nou tout te la pou tande.

286 Mwen di: "Bon nou gen bagay kont mwen, sou Ansèyman mwen. Se sa k pwoblèm lan. Kounye a mwen vle youn nan nou vin isit la, epi pran Bib ou epi vin kanpe bò kote m, epi montre ke l fo." Se te yon gwoup moun ki te pi trankil ke m te janm tande. Mwen di: "Ki

pwoblèm nou?” Mwen di: “Alò, si nou konnen nou pa kapab kanpe kont Pawòl la, alò soti sou do m. Noumenm ki Doktè an Divinite ak tout bagay, epi k ap pale kouman, k ap prezante tèt nou kòm ‘Doktè,’ ‘Doktè,’ ‘Doktè.’ E mwen se yon...” (O, Frè Wood avè m di “yon cheechako,” oswa, “youn ki fèk vini.”) “ M pa gen okenn enstriksyon, m pa janm ale nan yon seminè oswa lekòl. Men pran Bib ou epi vin kanpe bò kote m, montre ke semans sèpan an fo, batèm nan Non Jezi a, oswa nenpòt nan bagay sa yo ke m anseye yo.” Pa gen yon moun ki di yon mo. Nou tout konn sa. Se yon gwoup moun ki te pi trankil ou te janm wè.

287 Ou wè, yo jis ap chante tankou yon kòbo m pa konn poukisa. Bon, kounye a men li. M pa kwè nan gen konfli avèk moun, men lè sa rive nan yon pwen kote y ap eseye mennen w ladann. E m pat vle ale, men Sentespri a te di m, Li di: “Ou mèt ale laba a. M ap kanpe bò kote w.”

288 M te di yo, twa oswa kat jou anvan lè a. Nou tout te la epi nou te tandè Misye Carlson avèk yo, epi--epi Tommy Hicks. E tout lòt yo te chita la. Epi m te ale, twa jou anvan sa, epi m te di: “Nou pral gen pou n anile plas sa a.”

289 Se te yon jou swa ki te gen loraj. M te genyen yon reyinyon. Li di: “Ale, kanpe bò kot fenèt sa a, bò twazyèm ti pòt sa a la.” E m t ale la epi m te kanpe la dirèk. M te voye je m gade deyò a konsa.

290 Li di: “Yo prepare yon pyèj pou ou. Yo pral mande w pou w pale nan reyinyon Asosiyasyon Ministeryèl Gran Chicago.” Li di: “Yo prepare yon pyèj pou ou, konsènan ansèyman w sou Pawòl Mwen.”

291 Li di: “Kounye a, yo pral anile plas sa a laba a. Yo p ap pran l ankò. E yo pral ale nan yon plas. kote ki bren.” Li di: “Men sa l sanble.” Mwen te rete, epi mwen te wè m nan yon kwen; mwen te gade dèyè a la e m te wè. M te wè yo tout la. M te wè tout minis yo chita la, fason yo te ye a. M te voye je m gade yo tout. Epi Li di...

292 “O,” mwen te panse: “Mwen ta fè mye pa ale laba alò, Seyè, si yo pral fè sa. M pa vle blese santiman yo oswa fè yo anyen ki mal.

Li di: “Ale. Ma p kanpe bò kote w.” Li te fè sa. Se vre.

293 Kounye a, nou tout, gen temwen isit la menm, ki te chita la menm epi ki konnen se vre. Se vre. Ebyen, nou gen kasèt yo isit la, tou. Men, men li, ou wè.

294 Bon, kounye a men mistè a konsènan sa. E kounye a, Li, lè Sa te revele a mwenmenm byen bonè maten an, douvan jou. Alò m t ale byen vit nan Lekriti epi m te konmanse gade, fè

rechèch. Men li k te la. Twa nan yo, jiske la, te revele absoliman, yon fason sinatirèl. Wi. Kounye a men mistè chwal nwa a, dapre sa k te revele a mwenmenm.

295 Li te konmanse monte l depi nan epòk laj tenèb yo. Se sa chwal nwa a te reprezante, laj tenèb yo, paske se te yon tan minwi sonb pou vrè kwayan yo ki te rete yo. Gade kounye a nan laj legliz sa a, laj legliz entèmedyè sa a, laj legliz sonb sa a. Gade kounye a. Gade kouman Li di: "Ou jis genyen yon ti fòs." Se te minwi pou yo, pou vrè kwayan an. Kounye a gade. Tout espwa te prèske fin pèdi pou vrè Legliz la, paske endividi sa te kontwole alafwa legliz ak leta. Kisa yo pral fè? Ou wè, Katolis la te domine, alafwa legliz ak leta. E tout, sa yo ki pat dakò ak Katolis, yo te touye yo. Se pou rezon sa a li te sou yon chwal nwa. E gade ki kalite bagay nwa li te fè, ou wè, alò nou ka wè. E ou jis...si w konnen listwa w, gade sa, alò ou va...Ebyen, ou p ap bezwen menm konnen l, pou--pou konnen Sa. Kounye a gade. Tout espwa te fin pèdi. Sa se chwal nwa li a.

Bon, li te monte sou chwal blan li a, lariz.

296 Alò yo te ba li pouvwa; li te anlve lapè, masakre dè milyon. Se sa li ta pral fè antan l ap kontinye kous li. E l ap fè l ankò. Ou wè?

297 Bon, men li ki sou chwal nwa li a kounye a, k ap avanse. Laj tenèb la, se te epòk sa a. Jis apeprè nan tan apre legliz te fin etabli, epi te pran pouvwa. Yo te reprime tout lòt bagay. Epi sa te dire, apeprè, dè santèn e dè santèn e dè santèn dane, se sa tout lektè konnen kòm laj tenèb yo. Konbyen moun ki konnen sa? [Kongregasyon an di: "Amèn."] Sèten. Laj tenèb yo. Men chwal nwa w la, ki reprezante laj tenèb la. Bon, tout espwa te pèdi; pa gen espwa ditou. Tout bagay te parèt nwa, pou ti kwayan an yo. Bon, se pou rezon sa yo rele l, li reprezante, avèk chwal nwa a.

298 "Balans li yo, oswa balans ak plato li yo, nan men l," ou wè. L ap kriye: "Yon mezi ble pou yon denye, e twa mezi lòj pou yon denye." Ou wè, an reyalye, se ke, ble ak lòj se bagay natirèl nan lavi. Se ak sa yo fè pen ak lòt bagay. Men, ou wè, li te egzije pou peye l pou sa. Sa vle di, li t ap egzije sijè l yo pou peye l pou kalite espwa lavi li t ap voye pou yo, antan l t ap fè...Li te konmanse nan tan sa menm, nan fè yo peye pou priyè yo, egzije yo peye pou lapriyè. Yo kontinye ap fè sa; nevèn yo.

299 Paske, kisa li t ap fè? Anpare l de richès mond lan. Balans lan, t ap peze, "Yon mezi ble pou yon denye; twa mwzi lòj pou yon denye." Kavalye a sou yon chwal nwa, ou wè, li t ap fè...depouye sijè l yo de lajan yo. Alòske, Bib la predi ke li kenbe, apeprè, richès mond lan. Kòm nou te di yè swa konsènan Larisi, ak tout sa, yo jis pran tout lajan an epi yo depouye pèp la de tout sa yo posede, tout bagay. Alò, men li.

300 Kounye a remake. Ou wè kote vye zafè kolekte lajan sa a, nan legliz, soti? Elwaye nou de bagay sa; pou bati yon òganizasyon, yon gwo bagay, yon milyon dola isit la. E--e nou wè kiyès ki manman bagay sa a?

301 Mèsi, Seyè. O la la! Mwen sitèlman kontan. Wi, mesye. Dakò. Se pa gras Li. Se tou. Dakò. Dakò.

302 Se te yon tan minwi sonb. Èske nou konprann sa kounye a? [Kongregasyon an di: "Amèn."--Editè a.] Epi men li k ap egzije pou yo peye l pou jan de vi, sa se lòj ak lòt bagay, natirèl; se pat bagay espiyèl, kounye a. Se te lòj, ou wè, alò, e pen ki fèt ak lòj epi penki fèt ak ble. Li te egzije pou yo peye l pou jan de vi sa a ke li t ap bay sijè l yo. Egzije yo pou yo peye pou lapriyè prèt la fè, pou fè moun yo soti nan pigatwa. Egzije pou yo peye !! Bon se nan listwa mwen tire sa dirèk. Egzije pou yo peye, mwen devine, se nevèn, mwen devine, sa li...tout moun isit la konnen sa li...Nevèn, mwen devine se yon bagay ou gen pou w fè, ou konnen, kèk penitans. Yon moun dwe egzije pou peye l pou sa. Pou pote richès mond lan ba li, pou limenm, anndan legliz la limenm. Epi l ap kontinye kous li. O, sètènman l ap fè l. Wi, mesye. L ap kontinye kous li!

303 Remake. Men bon pati a kounye a. Remake.

...wè pou, *pa manyen ni lwil* sa a ni diven sa a.

304 "Jis on tikal ladan L ki rete la a, men piga w manyen Sa!"

305 Kounye a, lwil se...senbolize Lespri an, Sentespri an. M ap ban nou kèk vèsè si n vle. Gen de Ekriti. Nan Levitik, 8:12, kote Arawon, anvan l t antre, te dwe wenn ak lwil, nou konnen. E nan Zakari 4:12, sou lwil k ap vini, k ap devide nan **tiyo/tib** yo, epi te di: "Sa se Lespri M, Lwil." Yon lòt bagay, si n vle wè Matye, 14...25, te g on vyèj fòl, oswa 25:3, vyèj fòl la pat gen okenn Lwil, okenn Lespri. E Matye 25:4, vyèj saj la te gen Lwil nan lanp li, ranpli ak Lespri. Lespri! Lwil tipifye Lespri an. O, glwa! [Frè Branham bat men l ansanm yon fwa—Editè a.] Trè byen. Nou konprann li? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Trè byen. Kounye a, lwil tipifye Lespri.

306 E diven senbolize **eksitasyon** revelasyon. O, mwen-m renmen kouri toupitou. M mande m si m pat leve katye an, lè Seyè an te montre m sa, ou wè: "eksitasyon revelasyon." Ou wè?

307 Lwil ak diven, nan Bib lan, asosye ansanm, tout tan. M te **pran lis mo yo** epi m te gade. G on seri nan yo, ke tankou-tankou sa a, kote diven ak lwil al ansanm, tout tan. Ou wè?

308 Lè Verite yon Pawòl Bondye ki pwomèt te reyèlman revele bay sen L yo ki ranpli ak Lwil, yo tout vin eksite. Diven s on eksitasyon. Glwa! M santi L kounye a menm. Eksite ak

lajwa, rè! Ou wè? E, lè L fè l, Li **gen menm rezilta** sou yo ke-ke diven fè sou yon nonm natirèl. Paske, lè revelasyon an te bay, de yon Verite Bondye, epi vrè kwayan an te ranpli ak Lwil, epi revelasyon an revele, eksitasyon an vin sitèlman gwo ke L fè l konpòte l on fason k pa nòm. Se vre. Glwa! [Asanble rejwi—Editè a.] Ou wè, se sa k pase avè yo kounye a. Se vre, fè yo konpòte tèt yo **on fason yo pa abitye**.

309 Kounye a, si n vle Ekriti pou sa, jis kòmanse li Ak 2. Kote yo ye? Yo te gen pwomès ke yo te ba yo. Lè tout pwomès Sentespri an te vide sou yo. E te...Sa te konfime selon Lekriti. Kounye a, nou wè, l...

310 E si yo te di... “Kounye a, tann, Li te di nou tann anwo isi a pou ministè nou an.” E apre ui jou, yo ta di: “Ebyen, m ap di nou, ti mesye,” Mak te di Matye: “Mwen-m kwè nou deja genyen L, kanmarad. Èske n pa panse sa? Ou wè, nou deja genyen L. Pandan n ap tann ministè nou an kounye a, nou ta dwe jis kontinye soti, ap preche. Li te di nou monte isi a epi tann, e sa fè uit jou nou isi a.”

“Ebyen, ann tann yon lòt.”

311 Nèf jou vini. Alò Matye **parèt**, oswa-oswa-oswa petèt youn nan rès ladan yo, Jan, te di: “Mwen-mwen-m kwè nou pa ta dwe tann pi lontan. M kwè nou deja genyen L. Nou pa kwè sa?”

312 Apresa m ka wè Simon, paske l te gen kle yo, nou konnen. “Kounye a tann on minit, ti mesye! Lekriti g on bagay pou di sou sa. Li pat janm di nou jis konbyen jou pou n tann. Li te di: ‘Rete la a jiskaske! Rete la a jiskaske pwofesi Jowèl la rive, jouk pwofesi Ezayi an konfime.’”

313 “Paske se ak bouch k ap bege epi ak lòt lang M ap pale ak pèp sa a. E sa se rafrechisman an.” Sa se diven ki vide an. Kisa k diven, nan Bib lan? Rafrechisman. “Sa se rafrechisman ki soti nan Prezans Seyè an.” Ou wè? Li-li dwe selon Lekriti kounye a. Ou wè?

314 Kidonk, nou wè, diven reprezante eksitasyon revelasyon. E lè Sentespri an te tonbe, epi yo te wè Dife Bondye an tonbe sou yo, o la la, sa kòmanse eksite yo. E premye bagay ou konnen, yo te vin sitèlman eksite jouk moun yo an reyalyte te panse yo te sou, men yo te eksite pa revelasyon an. Pa pa Bondye a...Men li! Revelasyon konfime Bondye an, ki te parèt klè pou yo, yo te kontan pou Sa. Bondye te pwomèt li. Men l te revele ba yo, epi konfime ba yo. Amèn! Men te g on nonm ki te kanpe la a, ap di: “Sila a se Sa! Se Sa!” E men L te la a, k ap konfime pa menm siy ke n genyen jodi a. Men-men eksitasyon pa revelasyon. Ou wè? E, kounye a, yo te reyèlman genyen L lè sa a.

315 Se pou rezaon sa a Pye te ka soti la a, epi di: “Poukisa, noumenm mesye Jida yo, ak noumenm ki abite nan Jerizalèm, koute m. Nout tout Doktè Divinite yo, koute sa m pral di nou, ou wè.”

316 O, ala mèveye! Revele! Revele! Yo vin sitèlman eksite lè yo te wè I konfime. Sa jis toujou fè sa. Li toujou fè I.

317 Lè m wè ke Bondye te pwomèt pou L fè yon sèten bagay nan jou sa a, lè L te pwomèt pou L kase So sa yo nan dènye jou sa a! Epi nou pa konn lajwa, glwa an, lè m te wè L revele sa, kanpe la a epi gade I k ap rive! Epi konnen ke m ap pran nenpòt moun, **ba I chay la**: Li pat janm di nou yon sèl bagay esepite sa k te pase fason sa a. Epi apre pou wè lajwa ki nan kè m, lè m wè pwomès Li pou dènye jou sa yo, jan L te pwomèt pou L fè I. E men m wè I konfime epi fèt pafètman vre. M jis...Nou tandè m di: “M santi m relijye.” Se sa k pase. Eksitasyon sitèlman **terib/fò**, m-m-m jis-jis nan pwen pou m **al aji an tèt cho**, nou konnen. Eksitasyon, sot nan revelasyon! Trè byen.

318 Yo vin sitèlman eksite, sou revelasyon an-an, ke yo te konfime, trè byen, pwomès la. Kounye a, o la la! Men lajwa eksitasyon an te eklate la a, jouk moun yo te di: “Yo sou anba nouvo divèn,” lè Bondye te revele pwomès Li ba yo. E Li pa sèlman revele sa, men Li te pwouve sa.

319 Se sa m te toujou di. Yon nonm ka di nenpòt bagay, ya, li ta ka dispoze pou I di nenpòt bagay; men lè Bondye vini epi konfime sa!

320 Kounye a, Bib lan te di: “Si ta gen youn nan mitan nou, ki deklare li esprityèl oswa yon pwofèt, si I di bagay sa yo epi sa pa rive, alò pa okipe I pyès. Pa pè I, ditou. Pa pè nonm sa a. Men si I di sa epi sa rive; se Mwen, nou wè. Mwen, Mwen nan sa. Sa pwouve pouki se Mwen.”

321 Epi, apre, ti madanm Samaritèn sa a. Lè Lekriti te di ke Mesi sa a t ap fè bagay sa yo, e men L te kanpe epi te fè I jis egzaktman sa Lekriti te di. Li te di: “Men Li. Vin, wè yon Nonm! Èske se pa egzaktman bagay ke Lekriti te di ki t ap rive?” Ou wè, li te vin eksite pa revelasyon. Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Li vin eksite pa revelasyon, lè sa te konfime. Ou wè? Se vre. Li te konnen ke te gen...

322 “Nou konnen ke Mesi ap vini, Sila ki rele Kris la. E lè L vini, L ap fè bagay sa yo. “ Li te wè sa.

Epi L te di: “Mwen se **Limenm**.”

323 Apresa eksitasyon an te kòmanse. Epi I t ale, ap rele, epi desann nan vil la. Li te kite vye **bidon** dlo I lan, epi te desann la a, epi te di mesye yo: “Vin, wè!”

324 Kounye a, si sèlman nou te konn tradisyon nan Lès yo, se pa kòrèk pou l fè sa. Wi, mesye. Yon fanm kalite sa a, pèsòn pa t ap koute l. Non, mesye. Ou wè, li te g on mak, e lè l...Si l t ap desann lari an kon sa, epi aji kon sa, mesye yo nan lari a pa okipe l.

325 Men, frè, li te g on Pawòl Lavi la a! Li te eksite. Nou te ka...Se te tankou eseye etenn yon kay, ki pran dife, nan yon jou k ap vante. O, g on bagay k ap vante !! Li te-li te pare. Wi. Yo pat ka etenn Sa. Se te Dife Bondye k ap boule. Wi, mesye. Li te di: "Si nou pa kwè se sa, jis vin bò isi a kote reyinyon ap fèt. M ap montre nou li." Ya. Se sa. Ya. Wi, mesye.

326 E kidonk mesye yo te soti la a. E Li pat fè l yon fwa ankò. Men yo te konnen on bagay te rive fanm sa a. Li te chanje, kidonk yo te kwè L. Wi, mesye. Yo te kwè nan Li.

327 Paske: "Lafwa vini nan tande, tande pwomès Bondye a, Pawòl Bondye an, epi gade L k ap **vin reyalite**." Paske, S on semans. E lè L simen, L ap pran Lavi. L ap pwodwi jis sa L ap pale a. Si sa pa fèt, alò se pa Semans Bondye. Oswa, sila k ap simen an pat konn kijan pou simen L; se pa Bondye ki te voye L, pou simen Semans yo. Li te ka petèt ap simen Yo sou tèt yon wòch oswa yon bagay. Ou wè? Kidonk nou-kidonk nou wè, sila k ap simen Semans lan, Bondye pran swen L, Li tonbe nan bon plas la, nou wè. O la la!

328 Alò kisa L di kavalye sa a ki an nwa an? "Piga w fè diven M ak Lwil Mwen mal! Piga w manyen L, diven M ak Lwil Mwen! M jis g on tikras ladan L anba la a, men toujou g on tikal la a. Ya. Kounye a ou ka kontinye ladann epi mezire tout kalite lavi sa a ke w ap mete deyò a; sa se zafè w. Ou pral peye pou sa anba la a. Men lè w kontre diven ak Lwil sa a, kite L **trankil/an repo!**" O la la! Si nou ka, si nou...

329 Nan lòt mo, kon sa: "Si w atrap kèk nan ti Twoupo M lan, ki ranpli ak Lwil Mwen ak diven M, ou wè, diven ak Lwil Pawòl pi a, ou wè, epi ou pral touye yo. Paske, ou, w ap fè sa. Se sa w ap fè. Piga w fòse yo di okenn 'Mwen salye w Mari,' oswa fè okenn bagay kon sa, oswa kèk nan kredo w yo. Pa manyen yo. Yo konn kote yo prale, paske yo wenn ak Lwil Mwen. E kòm yo wenn ak Lwil Mwen, yo gen diven lajwa an, paske yo konn Pawòl pwomès Mwen, 'Mwen pral leve yo ankò.' Pa fè Sa a mal! Pa al eseye **met bwouyay nan** yo. Paske, jis rete lwen Li. Non." Tout...

330 Li konfime Pawòl Li epi fè L antre. Yo te konnen. Yo te konnen yo t ap leve ankò. O, ala m renmen sa! Fiouw! Y ap leve ankò. Men chwal nwa an vini, ap monte kounye a, laj fènwa yo.

331 Men chwal blan an t ale; nou te wè sa l te fè, pafètman. Men chwal wouj lan vini; nou wè egzakteman sa l te fè. Men chwal nwa an vini. Nou wè, li se menm kavalye an tout tan, sa l ap fè, dwat desann nan laj yo.



332 Kounye a nou dekouvri, li te mezire li e l te fè peye pou li, egzakteman: ble, natirèl, lavi natirèl. Se sou sa yo t ap viv.

333 Men, ap senbolize; Lespri, Lwil; ak lajwa diven an. "Lavi espiryèl sa a, pa fè Sa mal. Kite L an repo!" Osinon: "Wòm, piga w manyen L! Se Pa M! Sa se pou Mwen!"

334 Kounye m g on lòt bagay isi a m vle nou konnen. Remake, se pat youn nan kat Bèt yo ki te di: "Pa manyen Lwil la ak diven an." Èske n te remake sa? Kat Bèt yo t ap pale, men...Gade, kite m jis li isi a, jis on tikal, ou wè, kounye a.

*...mezi, yon kòb, pou yon-pou yon...ble pou yon kòb, ak twa mezi pitimi pou yon kòb. Men, gade pou pa manyen ni diven an ni...lwil la.*

335 Kounye koute isi a.

*E mwen-e mwen tande yon vwa ki soti nan mitan kat bèt vivan yo...*

336 Kisa L te ye? Ayo an! Amèn! Se pat kat Bèt yo. Ayo te di sa. Poukisa? Li pral pran Sa k pou Li yo. Sa se pou Li. Li te rachte l. Ou wè? Amèn! "Piga w manyen Lwil sa a!" Non, mesye. Pa kat Bèt yo, men Ayo an te Sila a ki te di sa. E, o la la! Ayo an! Pa...Kat Bèt yo pat anonse sa. Ayo an te di, Limenm.

337 Lè kat Bèt yo te di: "Vini epi wè," epi yo t ale, epi yo te wè l kon sa.

338 Epi L te di: "Yon mezi ble pou yon kòb, e pou me-...e tan kantite kon sa, epi tan kantite pitimi." Men apres a Ayo an te rele, dwat nan mitan yo, te di: "Men pa fè diven an ak Lwil lan mal!" En-hen. Se vre. O la la! Koute sa: "Piga w fè L mal, gason, oswa ou pral peye pou sa yon jou." O la la!

Nevè edmi.

339 Ebyen, selon pi bon konprann mwen, e sa m pi byen konnen, e ak tout sa ke m kwè nan kè m, se vrè sans twa So sa yo. M vle di Bondye mèsi pou sa. E m ap di sa, ke, se revelasyon ke L ban mwen. Li te ban m sa, revelasyon de Sa a. E mwen kwè ke n ap viv nan dènye jou yo.

340 Demen swa n ap pran kavalye chwal koulè pal sa a. E kounye a m pa konnen. M pa konnen. Bondye konnen se vre. M pa konn yon sèl bagay sou li. Non.

341 M te gade ansyen **kontèks** mwen ke m te genyen sa fè dè zane. M te wè Frè Graham Snelling sa f on moman; li te ka petèt soti. Men, m sonje lè m t ap preche isi a, anvan. M te

gade pou m wè sa m te di sa fè dè zane. Yon jou m t ap gade nan Liv Apokalips lan, m te pran tout kat kavalye chwal yo **an menm tan/on sèl kou**.

342 M te di: “Yon chwal blan, se te legliz primitiv lan, pa gen dout.” M te li sa nan yon liv Advantis yo. Epi m te li yon bagay la a. M te di: “Se te legliz primitiv lan ki te soti, ap konkeri.” Epi pwochen an se yon chwal nwa, m te di...M bliye kounye a kisa m te rele chwal nwa sa a...M te di...

343 Oswa: “Chwal wouj lan,” pito, m te di: “chwal sa a te petèt vle di ke-ke pwoblèm sou wout, e sa pral vle di anpil lagè **pral kwoke sou li**, oswa yon bagay kon sa.” M te di: “Petèt pral gen anpil lagè.” M te di: “Se sa sa t ap ye.” Epi apre m te di: “Chwa...ki pal la-la...”

344 Oswa: “Chwal nwa an-an,” m te di: “sa-sa vle di ke-ke petèt g on moman fènwa k ap vin sou latè, lè tout zetwal yo pral-pral sispan klere; solèy la pral kouche, epi lalin pap bay limyè li.” M te di: “Se petèt sa sa vle di.”

345 M te di: “Chwal koulè pal la, sa vle di anpil maladi ap vini.” Kounye a, m pa konn sa l vle di. Men, sa se, se te entèpretasyon pa m pou li lè sa a, paske m te jis pran l pi byen m te kapab, antan m kanpe isi a sou **lestrad la/chè a**.

346 Men, o, m te prèske di yon bagay! Trè byen. Hum! O! Nou pral-nou pral wè. Jis gade, wè.

347 Kounye a, o, èske nou pa kontan pou lè sa a n ap viv ladan lan! [Asanble di: “Amèn.”— Editè a.] Lè n wè tout bagay sa a ap abouti, m panse:

Nasyon ap kraze, Izrayèl ap leve,

Siy ke pwofèt yo te anonse davans;

Jou Moun lòt Nasyon yo konte, ak pòtay pikwa yo bare;

Retounen, O sa k gaye yo, al jwenn moun nou.”

Jou redanmsyon an toupre,

Kè lèzòm ap faya nan perèz;

Ranpli ak Lespri a, lanp nou taye epi l klè,

Gad anlè, redanmsyon nou toupre! (O la la!)

Fo pwofèt ap bay manti, y ap refize Verite Bondye,

Ke Jezikri se Bondye nou an;

Èske n kwè sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

Men n ap mache kote apot yo te pile.

Paske jou redanmsyon an toupre,

Kè lèzòm ap faya nan perèz;

Rapli ak Lespri a, lanp nou taye epi l klè

Gad anlè, redanmsyon nou toupre!

348 Èske sa pa mèveye? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] M renmen sa. Redanmsyon toupre.

E va gen Limyè nan tan aswè a,

Chimen Lagwa n ap jwenn li sèten;

Nan chimen dlo a, se Limyè jodi a;

Antere nan Non presye Jezi.

Jenn kou granmoun, repanti nan tout peche nou,

Sentespri a pral rantre sèten;

Limyè aswè a vini,

S on reyalite ke Bondye ak Kris se Youn.

Li se Pawòl la! O la la! Mèveye!

Byento Ayo ap pran Epouz Li, pou L toujou sou kote Li,

Tout lame Syèl la a prale rasanble;

O, sa ap yon espektak glorye, tout sen yo an blan san tach;

E ak Jezi yo va fete Etènèlman.

O, “Vin dine,” Mèt la rele: “Vin dine,”

O, nou ka fete sou tab Jezi a tout tan;

Sila k te nourri foul moun yo, te vire dlo an diven,

Bay sa k grangou Li rele kounye a: “Vin dine.”

O, “Vin dine,” Mèt la rele: “Vin dine,”

(Dine sou Pawòl la!)

Nou ka fete sou tab Jezi a tout tan;

Sila k te nourri foul moun yo, te vire dlo an diven,

Bay sa k grangou Li rele kounye a: “Vin dine.”

349 O la la! Èske n grangou? [Asanble rejwi—Editè a.] “Se pou sila yo ki grangoun e ki swaf pou jistis beni.”

350 Èske n renmen Li? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Èske n remenm Li? Nòt la pou *Mwen Renmen Li*, nou konnen. Annou tout jis kanpe kounye a, epi leve men nou yo epi ekspriime tèt nou ba Li. “Mwen renmen Li, mwen renmen Li paske Li te renmen m an premye.” Trè byen, tout ansanm kounye a.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

351 [Yon frè pale nan yon lòt lang. Frè Branham f on ti kanpe—Editè a.] Jis vrèman ak respè. Nou g on entèprèt isi a, Frè Higginbotham. M pa konn si l isi a aswè a, oswa non. Nou vle chache konnen sa L te di nou. Jis tann on minit. Men, men...[Yon sè bay yon entèpretasyon.]

352 Sèten, lwanj pou Seyè a! Lafwa m monte byen wo nan Bondye. Nou, nou renmen Li, aswè a, ak tout kè nou? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] O, louwe Li, epi di: “Mèsi, Seyè Jezi!” [Asanble louwe Bondye.]

353 Ala nou ba W lwanj, ak tout kè nou yo, Seyè! Glwa pou Bondye!

354 Jis ba L lwanj, nou tout moun yo. Ke Bondye avè nou! [Asanble kontinye rejwi epi ap louwe Bondye—Editè a.]